МАХСЕТ АБДИЖАМИЛОВ

# ЮМОРБЕК ТЕН ХӘЗИЛ



Книга должна б...

возвращена не по...

указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач ______

| | |
|---|---|
| ~~1.11.18~~ | 1480 |
| ~~18.01.19~~ | 110 |
| ~~11.02.19~~ | 110 |
| ~~12.03.19~~ | 778 |
| ~~25.03.19.~~ | 763 |
| ~~6.04.19~~ | ~~95~~ |
| ~~13.05.19.~~ | 560. |
| ~~23.05.19.~~ | 1315. |
| ~~7.06.19~~ | 170 |
| ~~20.06.19~~ | ~~1186~~. |
| ~~7.07.19~~ | 1746 |
| ~~30.8.19~~ | 225 |
| 8.10.19 | 1933 |
| ~~31.10.19~~ | 2453 |

Махсет АБДИЖАМИЛОВ

# ЮМОРБЕКТЕН ҲӘЗИЛ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2017

УОК 821.512.121-7 М. Абдижамилов. Юморбектен ҳәзил
КБК 5 Қар «Билим» баспасы, 2017-жыл.200 бет.
А — 16

УОК 821.512.121-7
КБК 5 Қар
А — 16

Китапта халық аўзынан жыйналған қызықлы әңгимелер, анекдотлар ҳәзиллер орын алған. Бул Юморбектиң туңғыш китабы.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89556

© Махсет Абдижамилов, 2017.
ISBN 978-9943-4441-8-8
© «Билим» баспасы, 2017.

# ЮМОРБЕКТИҢ ЮМОРБАЯНЫ
## *(автогеография)*

Мен Абдижамил Махсетов *(аты, фамилиясы өзгертилип берилди)* 1981-жылы 23-декабрьде Шымбай қаласында туўылған екенмен. Бирақ, оны өзим анық билмеймен, себеби ол ўақытлары дым кишкентай едим.

Мен бирден бундай ҳәзилкеш болып туўылмадым, дәслепки ўақытлары улыўма сөйлей алмайтуғын едим, еки жасқа толғаннан соң әсте-әсте сөйлеп басладым.

1988-жылы Шымбайда 1-класста оқыўды баслап, 11-классты Нөкисте жуўмақладым. *(Он жылда алпыс километр ☺)*

2002-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетин питкерип, география пәнинен оқытыўшы болып иследим.

2010-жылдан баслап «Юморбек» лақабы менен, ҳәзил айтып шыға басладым.

Сахнаға енди шығып баслаған ўақытлары «ҳаў мынаў ким?» «мынандай-әм қызықшы бармеди?» дейтуғын еди, ал ҳәзир, қудайға шүкир сахнаға шықсам адамлар: «Ҳаў, мынаў ана ким-ғо», «Ким еди?», «Ҳееее,

әнә бир қызықшы не», «Әнә биреў-ғо», — деп дәрриў таныйды.

Бос ўақытларымда ҳеш нәрсе ислемеймен, себеби, бир нәрсе ислесем — бос емес болып қаламан.

Спорттың — футбол, бокс түрлерин телевизордан тамашалаўға қызығаман.

Шаңарақлыман: төрт перзенттиң әкеси, бир ҳаялдың күйеўимен.

Дөретиўшиликтеги ураным: Изленбесең — изленбейсең!



## ЮМОРБЕК КОНЦЕРТЛЕРИ:

2011-жылы 2 — 6-сентябрь күнлери Нөкис қаласы «Бердақ» кинотеатрында «Супер-күлки» Юморбектиң биринши концерти жүдә әўметли болды деп айталмаймыз.

2013-жылы 12 — 13 — 14-апрель күнлери С. Хожаниязов атындағы «Жас тамашагөйлер» театрында «СүйирПриз» атлы концерти.

2014-жылы 7 — 8-март күнлери С.Хожаниязов атындағы «Жас тамашагөйлер» театрында «Дегишпе» театр-студиясы менен бирге «Сегизинши мәрт» атлы концерт.

2014-жылы 1-апрель Нөкис қаласы амфитеатрында «Дегишпе» театр-студиясы менен биргеликте «Хәзил Той» атлы концерти, жаўын жаўыўына байланыслы 11-апрельге көширилди ҳәм 11-апрель күни концерттиң ярымында және жаўын жаўып, концерт әўметсизликке ушырады.

2015-жылы 22 — 23-ноябрь Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик музыкалы театрында «КүлкиШек» атлы концерти.

2016-жылы 1 — 2 — 3-апрель Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик музыкалы театрында «ҚызықСынды» атлы концерти.

☺ ***Жаман нәрсеге ашыўлансаң — ол күшейеди, күлсең жоқ болады.***

***Конфуций.***

---

## XXII ӘСИР ӘДЕБИЯТЫ

☺☺☺

— Бурынғы өткен заманда сыйқырлы айна болып, ол дүньяның қәлеген жерин көрсеткен. Себеби, ол айна интернетке жалғанған екен.

☺☺☺

— Бурынғы өткен заманда, ҚАРАҚАЛПАҚША сөйлеп билетуғын ҚЫЗЫЛ ҚАЛПАҚША жасапты.

☺☺☺

— Ҳә келиншек, келиншек,
Түнде қайда барасаң?...

☺☺☺

— Ақ терек пе, көк терек?
Қандай строй материал керек?...

☺☺☺

— Колобок ертеги:

— Мен көкемнен қаштым, мен тәтемнен қаштым...

— Колобок, сен не ушын қазақша сөйлеп атырсаң?

— Себеби, мен Қазақстан унынан писирилгенмен.

☺☺☺

— Аштан өлгеннен жарылып өлген абырайлы, — деп колобок ашытқы (дрожж) жеп қойыпты.

☺☺☺

— Саз билен кесекти ялған демеңлер,
Анемичныйлар пайда болғалы бардур...

☺☺☺

— Муғаллим қайда?
— Кабинетте.
— Не қылып атыр?
— Шпор таярлап атыр.
— Шпоры кандай?

— Алақандай.
— Кимлер ушын?
— Саўаты жоқлар ушын...

☺☺☺

— Әўели мен, түўеллеймен, журналдағы саны менен, класстағы бары менен, Әўезбаев қайда кетти?...
— Порға кетти.
— Қашан келер?
— Ҳәзир келер.
— Ҳәзир келмесе?
— Соң келер...
— Сен тур, тахтаға шық.





☺ *Биреўдиң үстинен күлгеннен — оны күлдирген абзал.*

*Арбитр Гай.*

---

## КИТАПХАНАДА ӨТПЕЙ ТУРҒАН КИТАПЛАР:

«Биреўдиң есабынан аўқатланыў сырлары». Авторы — «Ашыл дастурхан» баслаўшысы — Азат Айтмәмбетов.

☺☺☺

«1-курс контрактта оқып жүрип қалай турмысқа шығыўға болады?» Авторы — Үш баланың анасы, төртинши курста контракт пенен оқыйтуғын келиншек.

☺☺☺

«Изиңнен жигитлер ысқырғанда, қарамастан жүриў сырлары». Авторы — гереӊ қыз.

☺☺☺

«Түрк намаларын урлаў сырлары» Авторы — көпшилик екен.

☺☺☺

«Басып алып қашып кетпеўи ушын не қылыў керек?» Авторы — отырып қалған қыз.

☺☺☺

«Күйеўиң сени аўқатланыўға кафеге апарыўы ушын үйде қандай аўқат писириў керек». Авторы — ериншек ҳаял.

☺☺☺

— Балаларымыз китапханаға тез-тезден барыўы ушын китапхананың ишинен компьютер ойынханасын ашыў керек.

## ЖАҢАЛЫҚЛАР

— Кийимлер китайский, чайлар индийский, кофе бразилский, сериаллар корейский, ендиги ҳәзилимиз қарекеңский.

☺☺☺

— Еки қарақалпақ боксшысы он еки раундлы беллесиўде бокслесип-сөйлесип жүрип, жетинши раундта руўлас болып шықты.

☺☺☺

— Электросетьте «Ең күшли электрик» деген жарыс болды, жеңимпазды ызғар топыраққа көмип қойыпты.

☺☺☺

— Сипсекеш ағай жумысынан босап қалмаўы ушын ҳаялына семечка саттырып қойыпты.

☺☺☺

— Компьютерде жумыс ислейтуғын оператор жигитке ҳаялы үш ярым гегабайтлық бала туўып берипти.

☺☺☺

— Жас келиншеклер ушын жаңа такси ашылды, ол «Көз» деп аталады.

Такси — көз, қәўендер — саз кесек!

☺☺☺

— Быжықгүл апа «Өсекши-2015» таңлаўында биринши орынды жеңип алды. Ол өсекти «5D» форматта айтып береди екен.

☺☺☺

— Қурылыста қәўипсизлик ушын басына каска кийгенниң пайдасы болмады, гербиш қапталдан келип тийди.

☺☺☺

— Бир жигит Ҳиндстанға барып, сырнай шертип, жылан ойнатыўды үйренип келди. Бирақ, аўылдан жылан таба алмай, енди ҳаялын ойнатып атыр.

☺☺☺

— Әкеси баласына астрономия менен шуғыллансын деп, телескоп алып берди. Бирақ, баласы терезе алдында отырып алып, анатомия менен қызықсынып баслады.

☺☺☺

— Нөкис аэропортында ушатуғын адамлардан, аманат берип жибериўшилер саны бес есе көбирек екен.

☺☺☺

— Миймандос қараўыл, дуз мылтыққа дуз бенен қосып нан салды, енди ол «шақырылмаған мийманлар»ды «нан-дуз» бенен күтип алады.

☺☺☺

— Дурыс, жер домалақ, бирақ, төрт мүйешли етип сыза берейик! — деп кадастрдың жигитлери өтиниш етип атыр.

☺☺☺

— Ҳаялы базардан бир «ўай-ўоо» деген көйлек пенен «қыямет» деген орамал сатып

алды. Күйеўи оны көрип: — «Ўай-ўоо, мынаўың қыямет екен!» — депти.

☺☺☺

— Мариямова Элеонора Жасминовна метрикасын жазған адамды ашыў менен елеге шекем излен жүрипти.

☺☺☺

— Бир қыз бенен сыйқыршы жигит танысып қалыпты, қыз жигитке қарап: — Ҳәй, сен ырастан да сыйқыршысаң ба, жоқ болшы! — деген екен, сыйқыршы жоқ болып кетипти.

☺☺☺

— Мал базардағы сыйырлардың 70 % и бир-бирин таныйды екен, себеби, олар ҳәр базар күни көрисип турады.

☺☺☺

— Кеше туўыў үйинде салмағы он еки килограммлық бала туўылды. Анықлап қараса, оны базардағы алын-сатарлардың тәрезиси менен өлшеген екен.



☺ *Күлки — бул қуяш, жүзиңиздеги қыраўды ериteди.*

*Виктор Гюго.*

## БАЛА — ӨМИР ГҮЛИ

☺☺☺

— Бала өмир гүли, гүлге түбек-горшок керек.

☺☺☺

— Бала болған қандай жақсы? Ҳәтте, аўқат жегениң ушын да марапат еситесең.

☺☺☺

— Баласы «ертек айтып бер» деген ўақытта әкесиниң уйқысы келип турғаны соншелли, қоян колобокты биринши болып жеп, ертек бирден таўсылып қалды.

☺☺☺

— «Қәне, болды, уйқылаң енди», деген сөзден кейин балалар шөллейди, аш болады, я горшок сорап баслайды.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89556

☺☺☺

— Балам аяққа турып кетсин десең, оны мойныңыздан түсириң!

☺☺☺

— Биз балаларға дәслеп сөйлеўди үйретемиз, ал соңынан тыныш отырыўды үйрете алмай күйемиз...

☺☺☺

— Балалар бақшасында түски аўқаттың мазалы болғаны соншелли, балалар комиссиялардан тез-тез келип турыўды соранып қалды.

☺☺☺

— Телефондағы балансты тексере бергенше, балаңызды тексерип турың. Оқыўдан қайтарсын не менен шуғылланып жүр екен.

☺☺☺

— Перзент — өмир гүли. Жигитлер! Ҳаялыңызға көп гүллер саўға етиң.

☺☺☺

— Егер аўқатты жеўге емес, ал, таярлаўға туўра келсе, демек, балалық тамам болды.

☺☺☺

— Егер саққыз болмағанда, мектептиң парталары әлле қашан сынып кетер еди.

☺☺☺

— Бурынлары «ләйлек әкелип таслады, капустаның ишинен таўып алдық, түйениң қуйрығынан түсип қалдың...» деп алдайтуғын еди, ендиги ата-аналар «балам, сени интернеттен скачат етип алдық», дейтуғын шығар.

☺☺☺

— Шала-пала есимде, мамам 1-класста дәслепки қоңыраўға қалай алып барғаны, папам соңғы қоңыраўдан қалай алып қайтқаны.

☺☺☺

— Қытай елинде балалар аяқ кийиминиң бир пайын таба алмаса, мектепке баратырып жолда өзлери-ақ тигип-соғып алады екен.

☺☺☺

— Балалар бақшасы асханасының бас аспазының үйиндеги меню менен бақшадағы меню бирдей болады екен.

☺☺☺

— Әскерий қалаша (военный городок) ишиндеги бала бақшаның балалары, өзлериниң подғузниклерин 45 секундта алмастырады екен.

☺☺☺

— Неге мектепте муғаллимлер, қулағыныӊ артын жуў дей беретуғынын енди түсиндим, саққызды қыстырыў ушын екен.

☺☺☺

— Егер балаңызды қоңсы балалар ойынға

қоспаса, балаңызға жаңадан ойыншық алып бериң!

☺☺☺

— Егер балаңыздың почерки дым жаман болса — қуўана бер, келешекте врач болыўы мүмкин.

☺☺☺

— Балаларыңыздың ойыншығы сынбасын десеңиз, оны жасырып алып қойың!




Бул китап

☺ ***Күлиўден қорқыўды, ҳақыйқатлық жақсы көрмейди.***

***И.С.Тургенев.***

---

## МЕКТЕП

☺ Абонент төлемлери улыўма жоқ, барлық кириўши ҳәм шығыўшы қоңыраўлар бийпул, әлбетте бул — МЕКТЕП!

☺☺☺

☺ Егер мектептеги жас қыз муғаллимлердиң ҳәммеси бир кабинетке жыйналысып атырса, демек Орифлеймниң саўдасы басланды.

☺☺☺

☺ Егер мектептиң алдынғы үлкен есиги ашық турса, демек, мектепке комиссия келген, ал, басқа ўақытта оқыўшылар арқа тәрептеги кишкене есиктен айланып киреди.

☺☺☺

☺ Көпшилик муғаллимлер есикти жаўып қойып, «Ашық сабақ» өтеди.

☺☺☺

☺ Сабақ ўақтында оқыўшылар муғаллимниң көзинше қышқырысып, қатты жуўырысса, демек, бул дене тәрбиясы сабағы.

☺☺☺

☺ 5 x 5=25, 6 x 6=36, бирақ, неге 7 x 7=47 емес?

☺☺☺

☺ «Болып табылады» деген сөз муғаллимлердиң ең көп пайдаланатуғын сөзи БОЛЫП ТАБЫЛАДЫ.

☺☺☺

☺ Экономика муғаллиминиң орнына сабақ өтип атырған әдебият пәни муғаллими «Салық» темасында Бердақ шайырдың «Салық» қосығын айтып берипти.

☺☺☺

☺ 1-класстың еки баласы пирожкини бөлисе алмады, себеби, бөлиў әмели 3-класста өтиледи.

☺☺☺

☺ Тема — гәп. Гәплер үшке бөлинеди. Ең баслысы — көпирдеги гәп — гәп!

☺☺☺

☺ Математикалық мәселе.

— Бизиң апам сыйырларынан күнине 20 литр сүт саўып алады ҳәм күнине 35 литр сүт сатады. Сораў: Оған күнине неше литр суў керек болады?

☺☺☺

☺ Мектеп пенен ҳәжетхана аралығы 300 метр. 4-қабаттағы 6-класс оқыўшысы 5 минутлық тәнеписте кешикпей, үлгерип келиўи ушын саатына неше километр тезликте жуўырыўы керек?

☺☺☺

☺ Телесериалды көп көретуғын оқыўшы тарийх пәнинен «Корея тарийхы» темасында, таярланбай келип-ақ «5» алыпты.

☺☺☺

☺ Егер муғаллим мектеп формасы жоқ оқыўшыларды артқы партаға көширип басласа, демек, комиссия тексерип киятыр.

☺☺☺

☺ Сабақ ўақтында қол көтерип отырғанлар билгиш болады. Себеби, қолды көтерген ўақытта қолдағы қанлар мийге ағып барып, мий жақсы ислеп баслайды.

## ЗАМАНАГӨЙ ҒАРҒЫСЛАР
### *(Жумсақ қыйлылары)*

☺ Илайым, саратанның ыссысында жыпжыллы пиво ишкейсең!

☺ Илайым,召 мединститутта контракт пенен оқып атырған 1-курс қызды келин етип алғайсаң!

☺ Илайым, ресторандағы тойда, ансамбль колонкасының тап алдында турған столға отырғайсаң!

☺ Илайым, кешки саат 9 да Орайлық базардағы ең соңғы маршрутқа сыймай қалғайсаң!

☺ Илайым, баслығың қоңыраў етип, сен телефонды енди алайын деп атырғанында

телефоныңның заряды таўсылып, өшип қалғай!

☺ Илайым, тойда «көк дәптер»ге жазылатуғын ақшаңның бәрин, ойыншы қызға берип қойғайсаң!

☺ Илайым, ҳәр жылы үйиңде ремонт бола бергей!

☺ Илайым, аўқат келгенде аппетит келмей қалғай!

☺ Илайым, телевизор көрейин деп енди көпшикке жайғасып жатқан ўақтыңда, қарасаң пульт телевизордың төбесинде қалып қойған болғай!

☺ Илайым, майлы шелпек жеп атырғанда, аппақ тар джинси шалбарыңның артқы қалтасындағы телефоның шыңғырлағай!

☺ Илайым, күндиз қара шыбын, түнде сүйир шыбын уйқы бермегей!

☺ Илайым, тойдан мәс ҳалыңда шығып, таксидиң орнына милиция машинасын тоқтатып алғайсаң!

☺ Илайым, мийманға барғаныңда шулығың жыртық болғай!

☺ Илайым, аяғыңның шунатай бармағын шкафтың мүйешине урып алғайсаң!

☺ Илайым, төрт мүйешли топ пенен футбол ойнағайсаң!

☺ Илайым, жылына еки рет мурындық ата етип сайлана бергейсең!

☺ Илайым, енди укол алып емленип баслаған күни қудалыққа барғайсаң!

☺ Илайым, аяғыңның төртинши бармағын сүйир шыбын шағып алғай!

☺ Илайым, микрорайонда жыртық пешеханада уйқылағайсаң!

## ХӘР ҚЫЙЛЫ ҒАРҒЫСЛАР:

☺ Буратиноға: — Хә, темир қатынға үйленгир!

☺ Узын адамға: — «Тико»ның ишинде түргелип турғайсаң!

☺ Суп-сулыў қызға: — Хә, мойныма түскир!

☺ Араққа: — Хә, аўқаттың астында қалғыр!

☺ Роботқа: — Хә, металлаломға түскир!

☺ Компьютерге: — Хә, вирус басқыр!

☺ «Дамас»қа:— «Саманбай»дың жолында маршрут болғайсаң!

☺ Футболшыға: — Илайым, сөйлесип жүрген қызың сени қоллап-қуўатлаў ушын стадионға келгенде өз дәрўазаңа еки мәрте гол урып қойғайсаң!


ЕГЕР Тоғайда
адассаныз исеним
телефон
+99891-3

## ДАҒАЗАЛАР!

☺☺☺

Тез арада «Е»си бар шофёр керек!

☺☺☺

Мал базар рекламасы:
Бизде үш қой бир сўм. Пластикке саўда ислеймиз.

☺☺☺

Той көйлеклери салонында акция:
Егер өзиңизге еки рет келиншек көйлек алған болсаңыз, үшинши рет көйлекти бийпул беремиз.

☺☺☺

Дегустатор — қуда күтисиўге жәрдем береди.

☺☺☺

Жели жоқ топ сатамыз, ямаса насос сатып аламыз.

☺☺☺

Адамларға исенимимди жойтып алдым. Өтиниш! Таўып алғанлар болса, алмаң, алданып қаласыз!

☺☺☺

Ашкөз адамларды инсаплы болыўға үйретемиз! Бир сеанстың баҳасы үш миллион сўм.

☺☺☺

Қырқ жасар ҳаялымды жигирма жасар еки қызға алмастыраман.

☺☺☺

Ҳүжжетлерим менен ақша толы сумкамды жойтып алдым, таўып алғанлардан өтиниш, дым болмаса, ақшасын қайтарың!

☺☺☺

Тез-тез жаза алмайтуғын хаткер қыз — өзине тутлығып сөйлейтуғын баслық излеп атыр.

☺☺☺

Дузланған қыяр сатамыз! Мәнзил: Кебир аўыл, Қараўымбет көшеси.

☺☺☺

☺ — Мурны ийис сезбейтуғынларды жумысқа аламыз! Телефон: 104.

☺☺☺

Навес, шертек, ансамбль, камера, палаўшы, ойыншы, керек болса мурындық аталарды да ижараға беремиз. Апарып қурып бериў бийпул.

☺☺☺

Әскерий гарнизонға аспаз қызларды жумысқа аламыз. Сулыў болыў шәрт емес!

Тез арада 7 ханалы жай салыўға қолайлы 6 сотых жер план сатылады!

Сизиң бөтекеңиз аўыра ма! Бул машқала емес! Бул — кеселлик!

Ҳаўа райын бақлаў орайы, күн бултласса, аяғы қақсайтуғын ата-апаларды жумысқа шақырады.



*☺ Азарсыз күлки киби ҳеш нәрсе адамларды бир-бирине жақынластыра алмайды. Ал, адамларға жақынласыў — бул көркем өнердиң тийкарғы мақсети.*

*Л. Н. Толстой.*

## РЕКЛАМА

☺ — Бурын мениң терим қурғақ еди, суўға жуўынғалы берли бәри жақсы. Суў — терини қурғатпай сақлап турады!

☺☺☺

☺ — Дыққат, акция! Егер сиз "СМАК" ишимлигиниң 200 қақпағын жыйнасаңыз, бизге хабарласың. Бизлер шифр қағып атырмыз.

☺☺☺

☺ — Аўылымызда «Пәтли келин» оқыў орайы ашылды. «Пәтли келин» — күйеўине бала бақтырып, ал, өзин базарға шығыўға үйретеди!

☺☺☺

☺ — Уай-й-й, үстиме төгип алдым. Эҳ-ҳ... Кеште отырыспағым бар еди-аў. Енди мына дақларды қалай кетиремиз? Енди не қыламыз... кише?

☺ — Им-м-м... не кыламыз? А-а-а... қәйним, сен ҳеш уўайымлама! Ақыры, бизде әжағаңның көйлеги бар-ғо! **Әжағаңның көйлеги** — ҳәмийше таяр, егер кишең кир жуўыўға еринсе.

☺☺☺

☺ — Мен көплеген кир жуўыў порошокларынан пайдаланып көрдим ҳәм бир шешимге келдим.

— Қандай шешим?

— Үйленемен деген шешим. Кир жуўыўдан шаршадым, мен үйленемен!

☺ *Күлки — тири жанзатлар арасында тек адамға берилген жаратылыстың уллы сыйы.*

*Э.Хемингуэй.*

---

## ДЕНСАЎЛЫҚ — ТЕРЕҢ БАЙЛЫҚ

*(Күлкитерапия)*

☺ Медицина ең биринши рет Қытайда пайда болған. Сол ушын да, шыпакерлердиң қолжазбасы Қытай иероглифине уқсап, түсиниксиз болады.

☺☺☺

☺ Емлеўханаға комиссия киятыр, комиссиялар аўырып киятыр ма ямаса тексерип киятыр ма... ҳәзирше белгисиз.

☺☺☺

☺ Өлген адамды тирилтетуғын дәри ойлап тапқан илимпазға Нобель сыйлығын, Нобельдиң жеке өзи тапсырады.

☺ Бир жигит көшеден еситиў аппаратын (слуховой аппарат) таўып алды ҳәм ол «мынаў кимдики?» деп үш рет бақырды, бирақ, ҳеш ким жуўап бермеди.

☺☺☺

☺ Егер насыбайдың шақшасына «Насыбай — денсаўлыққа зыянлы!» деп жазсаңыз, насыбайдың саўдасы да күшейеди.

☺☺☺

☺ Туўылған күн денсаўлыққа пайдалы! Кимниң туўылған күни көп болса, сол көп жасайды.

☺☺☺

☺ Темекиниң қутысына «Шегиў — денсаўлыққа зыян» деген жазыўды ҳәр бир дана темекиге жазбаса, даналап шегетуғынлар оның зыян екенин билмей атыр.

☺☺☺

☺ Склероз емленбейди, бирақ, оны умытыўға болады!

☺☺☺

☺ Қулақ емлеўши — лор шыпакердиң кабинетиндеги жазыў: «Дийўалдың да қулағы бар».

☺☺☺

☺ Денсаўлықты сақлаў министрлиги ескерте берип шаршап кетти хәм темекиниң қутысына: «Шексеңиз шегиң, гөр болың!» — деп жазып қойды.

☺☺☺

☺ Соңғы ўақытларда дәриханаларда дәрилер сондай көбейип кетти, хәтте, айырым дәрилерге еле кеселлик түри де ойлап табылмай атыр екен.

☺☺☺

☺ Иммунитетиңди сынап көргиң келсе, базардан сомса алып же!

☺☺☺

☺ Егер аспанда ушып баратырған ғарға

сыған қарап: «Сен жинлисең» десе, демек, сен ырасында да жинлисең.

☺☺☺

☺ Барлық кеселликлерди күлки менен емлеўге болады, тек иши аўырып жүргенлерден басқа.

☺☺☺

☺ Микрорайонларда жасаўшы балалар уколдан қорықпайды, себеби, олардың ети сүйир шыбынларға шынықққан.





☺ ***Адамның не ушын күлип атырғанын көрип, оның руўхый дәрежесин билиўге болады.***

***Марти Ларни.***

---

## ЕРКЕК ТАНЫЎ

☺☺☺

***(Ҳаял-қызлар ушын)***

Хабарыңыз бар, оқыў орынларында Тәбияттаныў, Ҳуқықтаныў, Мәденияттаныў деген пәнлер бар... Бүгин сол пәнлер қатарына жаңадан кирген «Еркек таныў» пәнин үйренемиз!

Еркек деген — «Ким?»... ямаса «Не?» деген сораўларға да жуўап береди.

. Еркек — ол да бир адам, бирақ, адамның ҳаял емес қыйлысы. Сиз ҳаяллар, еркектиң қабыргасынан жаратылғансыз, соның ушын биз сизлерди ойласақ қабырғамыз қайысады. Ал, еркектиң өзи топырақтан (аяқ астынан) жаратылған, сол ушын ҳаяллар еркеклерди аяқ асты еткиси келеди де турады.

— Еркектиң химиялық қәсийетлери — реакцияға тез кириседи, турақсыз элемент-

лерден қуралған, басқа айтарлықтай қәсийетлери жоқ. Олар қәсийетсизирек болып келеди.

— Еркектиң қанында ҳайўаншылығы басым болғаны ушын атлары көбинесе ҳайўанлардан алынады. Мысалы: Арысланбай, Бөрибай, Қошқарбай, Қоразбек, Кийикбай, Бүркит.

— Ал, ҳаяллар исимлери Ботаника китабынан: Миийўагүл, Алмагүл, Лалагүл, Жүзимгүл, Анар ҳәм т.б.

— Еркеклер, ҳәтте, өзлерин мийнеткеш етип көрсетиў ушын атларын мийнет қураллары менен атайды. Мысалы: Балтабай, Орақбай, Балғабай, Шегебай, (Кетпен, Тырма деген еркек атлары болса да ҳайран болмаң).

Қылышбай, Найзабай, Қалхан, Мылтықбай деген атлар — еркектиң урысыўға бейим екенлигинен дерек береди.

Дүйсенбай, Сийшенбай, Сәрсенбай, Пийшенбай, Жумабай деген атлар бар, бирақ, Шембибай, Екшембибайлар жоқ. Демек, еркеклер ҳәптесине еки күн дем алғанды жақсы көреди.

Ҳаял-қызлардың атлары: Алтынгүл, Гүмисай, Маржан, Феруза, Мерўерт ҳәм т.б.

булар қымбат баҳалы тас ҳәм металлардан алынған. Ал, еркеклердиң атлары: Полат, Темирбай... арзан металлар.

— Өзлерин ҳаялларға бай етип көрсетиў ушын еркеклердиң атлары көбине «бай» деген қосымта менен жуўмақланады.

— Енди бастан баслап мүшелерин айтып өтейик.

**Мий.** Еркектиң мийинде жоқары орынларды насыбай, темеки ҳәм спиртли ишимликлер ийелеген. Сонлықтан олар умытшақ болып, гейде үйленгенин де умытып кетеди. Оннан соң мийдиң аз ғана бөлиминде футбол, спорт болады. Еркек мийиниң ең үлкен көлемин ҳаял-қызларға арналған бөлими ийелеген. Бирақ, оның ишин ашып көриў мүмкин емес, оны тек ҳәр бир еркектиң жеке өзи биледи.

**Көз!** Еркектиң ең ҳәлсиз органы. Сиз ҳаяллар биринши гезекте усы органы арқалы еркекке тәсир етесиз, себеби, еркеклер гөззаллыққа өш! Көз сулыўлыққа қарап мийге хабар береди, мий жүрекке, кейин жүрек тез-тез урып баслайды. Бирақ, усы көзге түсемиз деп мини юбка кийиў шәрт емес, себеби, мини юбка көрсе тек көзи қызады, ал, мий ислемей қалады.

Мурын! Он алты жастан самал енип баслайды... мурны қышыйды... Нәтийжеде, еркек ишип алып, төбелессе де биринши болып мурын жәбир көреди. Ең баслысы, турмыс қурғаннан соң еркектин мурнынан жип өткерип, беккем усласаң, ол басқа гүлдин ийисин сезбейди, бирақ, мурын үзилип, қуры мурынға ийелик етип қалыўыңыз да мүмкин.

**Қулақ!** Егер еркек сизди анық унатса, қулақ тек сизди тыңлайды.

Тил! Еркек пенен ҳаялдың ең тийкарғы байланыс қуралы. Ҳәттеки, сөйлескенде де... Бирақ, олардың тилине көп исене бермең, олар усы тил арқалы пүткил дүньяны ўәде береди.

Тил еркектики болғаны менен сизлерге тийисли. Себеби, «әке тили» деген жоқ, «ана тили» бар! Еркек үйленгеннен кейин онша үни шыға бермейди. Сол ушын да, еркектиң тили қысқа болады, көп сөйлей алмайды.

Биз не ушын тек басты таныстырдық? Себеби, еркектиң ўазыйпасы — басқарыў. Шаңарақты басқаратуғын — еркек. Ал, усы еркекти ер қылатуғын — сиз, ҳаяллар.

Соның ушын еркеклерди дурыс түсинсеңиз, шаңарақ беккем болады!

☺☺☺

☺ Жигитлер, қулағыңызға алтын сырға... жараспайды, сырға қызлар ушын арналған.

☺ Көринген юбканың изинен жуўырып кетиў жақсы емес, әсиресе, Шотландияда...

☺ Сулыў балаларды қызлар жақсы көреди, ал, сулыў емес балаларды апасы жақсы көреди.

☺ «Еркектиң бәри бир гөр» дейтуғын қызларға мәсләҳәт: тек бир жигит пенен турақлы сөйлесиң!

☺ Егер еркек бир нәрсени умытып қалған ўақытларында «ой, мениң мийим жоқ» деп айта берсе, демек, ҳаялы мийин жеп таўысқан.

☺ Сүйип қалған еркек үйленбегенше тамамланбағандай болады, үйленгеннен соң тамам.

☺ Жас жигитлер қызлардың алдында уялып, өзлерин «бай» етип көрсетеди, орта жасқа барған еркеклер уялмай-ақ өзлерин «жарлы» етип көрсетеди.

☺ Шаштың түсип баслаўы, яғный тақыр-

баслық бул — данышпанлықтың, анығырақ айтқанда, ҳаялды толық түсиниўдиң белгиси.

☺ Егер менде еркеклик белгилери болса — демек, ол жынысыма байланыслы.

☺ Ҳаял затының кемшиликлерине көзиңди жумып қарасаң, демек, ол сениң ойнасың.

☺ Егер еркек ҳаялына: «Мен сени ярым сөзден түсинемен» десе, демек, «сен керегинен еки есе көп сөйлеп атырсаң» дегени.

☺ Психологтың сораўларына еркек аңсат жуўап береди, себеби, бул сораўларды ол ҳәр күни ҳаялынан еситеди.

☺ Ол еки рет үйленди. Екеўи де әўметсиз болды. Биринши үйленгенинде ҳаялы кетип қалған болса, екиншисинде кетпей қалды.

☺ Үйленген жигитлердиң телефонында қызлардың телефон номери негедур еркектиң аты менен жазылып турады.

☺ Ҳақ бола турып, айыпты мойнына алған еркек — үйленген еркек.

☺ Үйленген еркек ҳәр күни үйине қайтыўы керек, ўақтында болмаса да...

☺ Ҳаялың мәс болып келип, сени урған

ўақытта, сен балаларыңды алып «папамның үйине кетемен» деп жыласаң, демек, сениң үйиңде «матриархат»!

☺ Егер ҳаял күйеўин ақмақ деп ойласа, дурыс ойлайды, егер ақыллы болғанда оған үйленбес еди.

☺ Бойдақ пенен үйленген жигиттиң парқы, бойдақ үй жумысларын өзи ислейди, ал, үйленген жигитти ҳаялы мәжбүрлейди.

☺ Еркек айтты ма, ислейди, ҳаял айтты ма... бәрибир гөр болып еркек ислейди.

☺ Еркек айтты ма, ислейди, сол ушын еркеклер аз сөйлейди.

☺ Ҳаял-қызлардың әрманындағы еркек — атыўға ҳәм шегиўге «жоқ» дейди. Ишиўшиликке «жоқ» дейди! Жумыссызлыққа «жоқ» дейди! Улыўма, ондай еркек жоқ дейди!

☺ Ҳаяллар еркеклерди итке теңейди, мысалы: қызлардың изинен үрип қалады, қаңғып жүреди, дүзде уйқылап қала береди... сүйек кемиргенди жақсы көреди. Ырасында да, жигитшилик — итшилик.

Ал, ҳаяллар пышыққа усайды: мыяўлап мийиңди жейди, тырнайды, асханада көп жүреди, сыйпалағанды жақсы көреди, нағыз

пышық — апарып тасласаң да қайтып келе береди.

☺☺☺

Ҳәр бир ҳаялдың басына бир келетуғын қыял «Егер де мен еркек болғанымда...» Бирақ негизи ҳаял болғанның да жақсы тәреплери көп:

— ушырасыўға арқайын кешигип барсаң болады;

— қәлеген жигитти изине ерте алады, қасын қағып, күлип қараса болды;

— аўқат жегиң келсе, писирип алып жей бересең;

— қосықлардың ҳәм қымбат баҳалы тағыншақлардың 90 % и ҳаял-қызларға арналған.

— жәмийетлик орынларда еркеклер орын босатып береди... бурын сондай еди;

— еркектиң кийимлерин кийиўге болады;

— кино көрип атырып уялмай жылаўға, қорықса қышқырыўына болады;

— ақша таўып билиў шәрт емес, саўып билсе болды;

— күйеўи кешигип атырса, алдына шығып күтип алыў шәрт емес.

*Еркек болғанның да абзал тәреплери баршылық:*

— фигураң әҳмийетке ийе емес;

— аяғың қыйсық болса да, биймәлел шортик пенен жүре бересең;

— қәлеген қызыңа сөз айта аласаң, ол сени қәлемесе де, бәри бир изинен ысқырып қалыўға ҳақың бар;

— кийимлериң арзан;

— 30 жасқа шекем бойдақ болып жүрсең де, өсек етпейди, ҳәтте, ҳәўес етеди;

— причёскиң басқаларға унай ма, унамай ма, саған бәри бир тақырбас болып жүрсең де болады;

— егер ыссылап кетсең көйлегиңди шешип, көшеде майки менен жүриўге болады...

**☺ Хүрметли ҳаял-қызлар! Егер мына сыйқырлы сөзлерди айтсаңыз, күйеўиңизге бир өмир унайсыз:**

— Өткен жылғы көйлегим жарасады;

— Төркиниме жылына еки рет барсам да болады;

— Жайдың сыртын өзим-ақ ҳәклеп таслайын ба?;

— Яқ, яқ, ақша жетеди;

— Кеште асықпай келе бер!;

— Кешир, айып менде!;

— Мен көп сөйлеп атырған жоқпан ба?

☺ **Ҳүрметли еркеклер! Шаңарақ беккем болыўы ушын мына сөзлерди ҳаялыңызға тез-тезден айтып турың!**

— Таза көйлек аласаң ба?;

— Кел, бирге телесериал көрейик!;

— Бүгин айлық алдым;

— Кийим салатуғын шкаф алайық па?;

— Төркиниңе барып қайтайық па?;

— Сен азайын дегенсең бе?;

— Сен дем ал, балаларды өзим бағаман;

— Бүгинше мениң телефоным сенде тура берсин!

☺ **Шаңарақта перзент туўылса ерли-зайыплылар әке ҳәм ана болады.**

«Ана» деген сөз «ананы жуў», «ананы аўқатландыр», «ананы сыпыр» деген сөзлерден келип шыққан.

«Әке» деген сөз «базардан геш әке», «балаларды бақшадан әке», «ақша әке, көп ақша әке» деген сөзлерден келип шыққан. Қулласы, әкениң ўазыйпасы — әкелиў!


Сүйемен-деп тилхат
ЖАЗЫП БЕР!

☺ *Күлкили ҳәрекет қорқынышлы болмайды.*

***Ф.Волтер.***

---

## ЖАҢА ҚЫЗ БОЛҒАННАН САҚЛА...

☺ Егер қыз айнаның алдында көбирек айланшықласа, жигитлер де сол қыздың әтирапында көбирек айланшықлайды.

☺ Дым томпақ қыз белиниң қәйерде екенин билип жүриўи ушын киндигине сырға тағыпты.

☺ Қызлар — жиғитлер ушын боянбайды, олар басқа қызларға қарсы боянады.

☺ Жигит қызға айды, жулдызларды, пүткил дүньяны ўәде етти, бирақ, тек музқаймақ әперди.

☺ Анық емес бахытқа үлкен үмит пенен қарап турған қызды келиншек деп атайды.

☺ Жигит қыздың бетинен биринши рет сүйгенде қыз оған бир шапалақ урды. Жигит: «Яқшы, енди сүймеймен», — деп еди, «Неге сүймейсең?» — деп екинши шапалақ та тийди.

☺ — Мениң де «сулыў» болып кийингим

келеди, бирақ, бул жерде әдепли болып кийиниў керек екен.

☺ Көпшилик қызлар бир көриўден сүйип қалыўға исенбейди, себеби, бир көриўден жигитлердиң қанша пул табатуғынын билиў қыйын мәселе.

☺ Бир көриўден сүйип қалыўдың жалғыз еми — бул екинши рет дурыслап қараў.

☺ Қызларға мәсләҳәт: Сулыў болып көриниў ушын сулыў емес қызлар менен дос болың!

☺ Қызлардың дыққатына! Егер танысқан жигитиңиз сизиң менен телефоннан тек күндиз сөйлесcе, демек, ол жигит үйленген.

☺ Басқа жерге салыстырғанда медколледжге жақын үйдиң баллары тезирек ержетеди екен.

☺ Көпшилик сулыў қызлардың жигити болмайды, себеби, оны көрген жигит «әй, мынаның жигити бар-аў» деп ойлап сөйлеспей қалады.



☺ ***Өмир — салдамлы болыўды талап етеди, бирақ, бир өмир салдамлы болыў мүмкин емес.***

***Гильберт Честертон.***

---

## БӘҲӘР ҲАҚҚЫНДА

— Бәҳәр ояныў паслы, бирақ, уйқың келе береди-дә.

☺☺☺

— Март айы — азанда тоңбайтуғындай, түсте ыссыламайтуғындай етип кийинип билиў керек.

☺☺☺

— Үш ай қыста кимниң қалай аўқат жегенин бәҳәр көрсетеди.

☺☺☺

— Бәҳәр тезирек келиўи ушын қыс мәўсими февральды 28 күннен таўысыпты.

☺☺☺

— Бәҳәр келсе жигитлерге қыйын болады, себеби, қызлар көзәйнек тағып, келте юбка кийип алады. Қайсысы сулыў екенин айыра алмайсаң.

## ЖАҢА ЖЫЛ БАЙРАМЫ ҲАҚҚЫНДА

☺ 1-январь күни көпшилик адамлар уйқыдан оянып, түски аўқатларын жейди.

☺ Жаңа жыл байрамы ең әжайып ҳәм ең есте қалмайтуғын байрам.

☺ 1-январьдағы биринши ең унамсыз нәрсе кешегиден қалған ыдыс-табақларды тазалап, жуўып қойыў.

☺ Жаңа жылды қалай күтип алсаң, солай өткересең, дейди. Сонда адамлар арақ ишип, жыл бойы мәс болып жүриўди қәлей-мекен...?

☺ Бир қыз, жигитине 1-апрельдеги «ҳәзилин» 1-январьда «саўға» етип қайтарыпты.

☺ Жаңа жылда Аяз атаны емес, Қар қызын күтип басласаң, демек, сен ержеткенсең.

☺ Орыс халқының Аяз атасы:

— Сәлем балалар! Мынаў сизлерге саўға!

Еврей халқының Аяз атасы:

— Сәлем балалар! Саўға сатып алың!

Қарекеңниң Аяз атасы:

— Сәлем балалар! Сүўретке түсиў 3000 сўм!





☺ *Қәўетер менен күлки бир жерге сыйыспайды.*

*А.С.Пушкин.*

---

## ЖУМЫС ҲӘМ АҚША

☺ Кадрлар бөлиминиң баслығы столының үстин тақластырып жүрип, қағазлардың арасынан буннан бес күн бурын жойтылған ноутбугын таўып алыпты.

☺ Бүгинги жыйналыстың мақсети — ертеңги жыйналысқа толық қатнасың деп айтыў.

☺ Ақыллы адамлар менен сәўбетлескен жақсы, бирақ, бирге ислесиў қыйын.

☺ Енди бир ҳәз етип жасап баслағанда ақша таўсылып қала береди-дә.

☺ Адам өз ақшасын баласындай көреди, ақша үлкейсе де кишкентай болып көрине береди.

☺ Ақшаны жаман деймиз. Бирақ, базарға кирсең сол «жаман» нәрсе жетиспей қала береди.

☺ Жарлылық емленбейтуғын кеселлик екенин бийпул медицина дәлилледи.

☺ Ақша менен ойнаўға болмайды, ақшаң жоқ болса, улыўма ойнаўға болмайды.

☺ Биреўдиң қалтасындағы ақшаны санаў жақсы емес, бирақ, қызық-тә...

☺ Адам ақша ушын ҳәмме жерге барады, ҳәтте жумысқа да.

☺ Жумыстан адам өлмейди екен, бирақ, оннан көриў шәрт емес.

☺ Бүгин азанда жумысқа кешиғип келдим, сол ушын кеште сәл ертерек қайтаман.

☺ Түске шекем ҳеш нәрсе ислемедим, ал, түстен кейин дем алдым.

☺ Баслықтың оң қолы болғанның пайдасы жоқ, егер баслық солақай болса.

☺ Баслықтың айтқан анекдотына күлмегени ушын завхоз, қараўыл болып қалды.

☺ Мәкемеде жумысқа кешигип келетуғынларды баслықтың алдына жыйналысқа шақырды, оған ҳәмме кешигип барды.

☺ «Үндемей турыўдың пайдасы» атлы семинар 8 саатқа шекем тымтырыс даўам етти.

☺ Егер күнине 8 саат тынбай, жақсылап жумыс ислесең, нәтийжеде күнине 12 саат тынбай ислейтуғын баслыққа айланасаң.

☺ Баслық бәрҳа ҳақ емес, бирақ, ол бәрҳа баслық.

☺ Баслықты тыңла! Мейли ол үндемей турса да бәрибир тыңлай бер!

☺ Жыйналыста хызметкер баслығына былай депти: — Мен бул мәкемеде ярым ставкада ислеймен, сол ушын маған әстенирек бақырың!

☺ Егер мәкемедеги компьютерлердиң ишиндеги барлық ойынларды өширсе — ис өними еки есеге артады. Егер интернетти өширсе — жумыс төрт есе өнимли болады.

☺ Өз қәтеңнен жуўмақ шығар, биреўдиң қәтесинен пайдаланып қал...



☺ *Күлмейтуғын адам?... — Күлкили адам.*
*Авторы белгили.*

---

## СОРАСЫЎДЫҢ ЖАҢА ТҮРИ

— Үйдеги анатомияң, қорадағы зоологияң, …ыдағы ботаникаң, улыўма биологияң …мин ба?

☺ Соңғы ўақытларда тар кийимлер мода болып атыр: тар шалбар, тар костюм... Бурынлары кийимлер де, пейиллер де кең еди, ҳәзир пейилге қарап кийимлер де тарайып баслады ма деймен.

☺ — Орысша билесең бе?

— Түсинемен, бирақ, сөйлей алмайман.

Сөйлей алмайтуғынын түсинеди.

☺ Отырыспада жумыс ҳаққында, жумыста сол отырыспа ҳаққында сөйлесемиз.

☺ Не ушын кинолардағы төбелес қызық? Себеби, кинода төбелес пайытында зор музыка шертилип турады. Сол ушын да бизиң аўылдың жигитлери тойда, ансамбльдиң қасында төбелескенди жақсы көреди.

☺ Жаслар тойында келиншектиң тек бир

күн кийетуғын көйлеги күйеў баланың бир өмир кийетуғын костюмынан қымбат екен.

☺ Бурынлары ҳаялларға «шашы узын, ақылы келте» деп айтатуғын еди. Ҳәзир болса шашы узын, юбкасы келте. Айырым қызлардың узын етекли көйлек кийгенин көрип материалды қалай жеткерди десек, арқасынан ямаса көкирегинен алады екен. Бирин тартсаң бирине жетпейди дегени усы-дә.

☺ Биз ҳәр бир нәрседен үнемли пайдаланамыз, мысалы: әпиўайы кесе!

Бул кесе менен шай ишемиз. Пышақ егеймиз. Свет өшсе шамның астына қоямыз. Ямаса күл салғыш. Бул кесе менен гилем-палас жуўыўға да болады. Ең қызығы көп қабатлы жайда жасаўшылар дийўалға қойып, қоңсыларының аўҳалынан хабар алады. Универсал кеселер!

☺ Ҳәзир адамлар бир-бири менен дым санасып жүреди:

Шөжени гүзде санаймыз, ақшаны алар ўақта санаймыз, таксиде километр санаймыз, ушырасыўда жулдыз санаймыз, жумыста саат санаймыз, шембиликте терек санаймыз, аўқат тартар ўақытта аяқ кийим санаймыз, қонақлар қайтқаннан соң столның астынан шийше санай-мыз, қулласы, санасамыз да жүремиз...



☺ Өмирдиң өзи екеўге биреўден туўра келеди:

Еки көзге бир очки, еки сим картаға бир телефон, еки адамға бир баслық, еки қолға бир жумыс, еки аўызға бир саққыз, еки басқа бир көпшик, еки аяққа бир етик...

☺ Өмирде не болса да бәри жақсылыққа!

— Басың аўырып атыр ма? Жақсы-ғо, басың бар екен.

— Саат 6 да тойға барыўың керек еди, бирақ бир саат кешигип бардың. Жақсы-ғо, барсаң той еле басланбаған.

— «Шортанбай»дың ГАЗелине «бир адам болса жүремиз» деп бақырып тур. Ал, сизлер төрт адамсыз. Жақсы-ғо, төртеўиңиз де сыйдыңыз.

— Жумыс орныңызға комиссия тексерип келди. Жақсы-ғо, себеп пенен ҳүжжетлердиң бәри тақланып қалды.



*Күлки ҳәм мыйық тартыў — адамзат жақсылығының есиги.*

*К.Моргенштерн.*

## ҲӘР КӘСИП ИЙЕСИ ТАБЫСТЫ ҲӘР ҚЫЙЛЫ ТАБАДЫ

Аңшы — атып алады,
Дүкәншы— сатып алады.
Монтёр — жалғап алады,
Адвокат — ақлап алады.
Дийқан — орып алады,
Қараўыл — қорып алады.
Футболшы — жуўырып алады,
Стоматолог — суўырып алады.
Хирург — кесип алады,
Сырға тағыўшы — тесип алады.
Композитор — намалатып,
Акушерка — балалатып.
Тәрбияшы — бағып алады,
Ҳаялын — шағып алады.
Экскаваторшы— қазып алады,
Шайыр — жазып алады.
Боксшы — урып алады,
Даўкес — турып алады.

Қосықшы — айтып алады,
Уялмағанлар — қайтып алады.
Камерашы — түсирип алады,
Аспаз — писирип алады.
Етикши — майлап алады,
Сыйқыршы— көзиңди байлап алады.
Арбакеш — тасып алады,
Жол тосар — басып алады.
Палўанлар — гүресип,
Өжетлер — тиресип алады.
Уры — адам жоқ ўақта алады,
Кассир — қәлеген ўақта алады.
Тәўиплер — емлеп,
Чай сатыўшы— демлеп,
Күнликши — терлеп,
Сүйекши— жерлеп алады.
Шаштәрез — қыйып алады,
Кондуктор — жыйып алады.
Пожарныйлар — өширип алады,
Қоңсыны шуқлағанлар — көширип алады.
Электрик — токты жағып алады,
Жумыс ислемегенлер нағып алады?
Билмеген — бүлдирип алады,
Юморбек — күлдирип алады!!!

Жаңа, заманагөй қоспа кәсиплер

— Электрик + психолог = ток пенен тынышландырады.

— Кассир + боксшы = ийегиңе здача береди.

— Актёр + шофёр = рол таңламайды.

— Сазенде + бойдақ = шертип жүрип үйленеди.

— Қассап + кассир = айлығыңды бөлип-бөлип майдалап береди.

— Оратор + хирург = сөзи қәлеген жерди кеседи.

— Боксшы + сварщик = бир урып жабыстырады.

— Аңшы + художник = қоянның сүўретин алып кетеди.

— Штангист + фотограф = көтерип турып түсиреди.

— Шыпакер + палўан = әжел менен гүреседи.

— Окулист + мерген = көз бенен атады.

— Сапёр + комиссия = қалдырмай тексереди.

— Тамада + пожарный = қудалықта қәлеген қонақты «өширип жибереди».

— Кардиолог + монтёр = жүрек жалғайды.

— Палўан + математик = жамбас әмели менен есаплайды.

— Танцор + грузщик = бир вагон жүкти ойнап жүрип түсирип таслайды.

— Географ + Юморист = усы ҳәзиллерди сизлерге таярлап берди!

## ҚАРЕКЕҢ МЕНЕН ТУРМЫС ҚУРСАҢЫЗ...

☺ Егер қарақалпақ пенен басқа миллет ўәкиллери шаңарақ қурса, перзентлери қандай болады?

— қарақалпақ пенен немецтен туўылғанлар — анық ўақтында кешигип келеди;

— қарақалпақ пенен қытайлыдан туўылғанлар — үш мәрте пайдаланыўға болатуғын «одноразовый затлар» ойлап табады;

— қарақалпақ пенен японнан туўылғанлар — ериншек робот жаратады;

— қарақалпақ пенен бразилиялыдан туўылғанлар — күшли, утыла беретуғын футболшы болып жетилиседи;

— қарақалпақ пенен ҳиндтен туўылғанлар — ишип алса қосық айтып, төбелесе беретуғын кино шығарады;

— қарақалпақ пенен түрктен туўылғанлар өзи телесериал шығарып, өзи көреди;

— қарақалпақ пенен украиннан туўылғанлар — салы атызға сало егеди;

— қарақалпақ пенен французлан туўылғанлар — пәтир ҳәм әтир ислеп шығады;

— қарақалпақ пенен еврейден туўылғанлар — демидрол завод қурады ямаса қәййиў қосығын қайта ислейди;

— қарақалпақ пенен орыстан туўылғанлар — арақты улыўма қояды... бас ушына;

— қарақалпақ пенен түркменнен туўылғанлар — ең узын мини юбка кийип, «биламоқ»деп жүрип, бәрин айтып береди;

— қарақалпақ пенен армяннан туўылғанлар — «Қаратаў» деген коняк ойлап табады;

— қарақалпақ пенен грузиннен туўылғанлар — ҳәммеге «үлгили» мурындық ата болады;

— қарақалпақ пенен цыганнан туўылғанлар — қудалық, қуўғыншы дегенлерге шубырып барады;

— қарақалпақ пенен қарақалпақтан болса, тап сизлердей күлкиқумар ҚАРАҚАЛПАҚлар туўылады.



☺ *Жылағанның алдынан өкирген шығады, мыйық тартып жүрсең, күлимлеген адамлар күтип алады.*

*Юморбек.*

---

## ҚОСЫҚ ХӘМ КӨРКЕМ ӨНЕР ХАҚҚЫНДА

☺ «Көзлериң», «сөзлериң», «жүзлериң», «күйдим-сүйдим» деген сөзлер аман болса, бизиң қосықларымыз елеберин өлмейди.

☺ Үш ай арба менен көшеде ғарбыз сатқан жигит музыка мектебиниң операшылар топарына имтихансыз қабыл етилди.

☺ Хәзирги қосықшылардың айырымлары өзлерин «қосық айтып билемиз» деп ойлайды екен.

☺ Балетмейстер той берипти, тойда барлық балет ойыншылары тик аяқтан хызметте болды.

☺ «Дембермес» ансамбли дем алыс сорап атыр.

☺ Қарақалпақ халық сөзине, түрк халық намасына — қосық... атқарады... атын айтсам өкпелеп қалады.

☺ РЭП оқыйтуғынлар дыққатына! Дәслеп китап оқың! Кейин РЭП оқыйсыз.

☺ 2014-жыл жуўмағында эстрадамызға ең көп үлес қосқан — фонограмма қойып отыратуғын оператор Әдил Темирбаев болды.

☺ Бурын микрофон, колонка болмаса да, адамлар жақсы қосық тыңлаған. Ал, ҳәзир колонкалар сондай күшли, қулақтың пердесин теседи, сол ушын да айырым жаслар тыңламайтуғын болып кетти-аў.

☺ Айырым қосықшыларға ҳайрансаң. — «Неге жанлы ҳаўазда айтпайсыз?» — десең: — «Аппаратура жуўап бермейди», — дейди. Сонда бурынғы қосықшылар қалай айтты екен?

☺ Даўысы жоқ қосықшы тыңлап билмейтуғын аудиториясын табады.

☺ Жақында «Урлық қосықлар» фестивалын өткеремиз, уялмай келе бериң! Биз жеңимпазды бәри бир анықлаймыз.

☺ Айырым қосықшылар өзлериниң қосықларын ҳәтте өзи де тыңламайды екен.

☺ Жыраў Жәнибек Пиязов қобыз шертсе, адамлардың көзине жас келеди, себеби, оның фамилиясы Пиязов.

☺ «Жигитлер» топарының «Қызлар» деген қосығын балалар айтып жүр.

☺ Бурын тек даўысы барлар ғана қосық айтатуғын еди. Ал, ҳәзир аўзы барлардың көпшилиги айтып жүр.

☺ Урлап қосық айтатуғынларды аяйман, ендигиден былай урлайтуғындай тәўирлеў қосық та қалмады, бәрин айтып болды.

☺ Дәрўазадағы жазыў:
Дәрўазаны қаттырақ қағың, ийтимниң қулағы гереҳ.

☺ Тандырдағы жазыў: — Өрт қәўипсизлигине жуўапкер — Қозыгүл апай.

☺ Есикти жаўып кириң! (жаўса қалай киреди).

☺ Тойхана есигиндеги жазыў:
«Жойтылған затларға жуўап бермеймиз!»

Арақ ишип есиңди жойтсаң, ҳеш ким жуўап бермейди.

## БИЙПУЛ МӘСЛӘҲӘТЛЕР

***Жигитлерге мәсләҳәт***

☺ Қолыңнан ҳеш нәрсе келмесе, футбол ойна, футболды аяқ пенен ойнаўға болады.

☺ Келешекте уллы адам болыўды қәлесең — үйлен, 9 айдан соң уллы боласаң, ямаса қызлы...

☺ Сени көрген қызлар аўзы ашылып қараўды қәлесең, стоматолог бол!

*Қызларға мәсләҳәт*

☺ Егер шалбарыңның балағы қыйсық болса, узын юбка кий!

☺ Қызлар диетада отырсаңыз, отырып қаласыз.

☺ Егер отырып қалыўды қәлемесеңиз, түргелип турың!

☺ Жүдә келте юбка кийе бермең — жолда авария көбейип кетеди.

☺ Егер бояныў жақпаса, дым келте юбка кийиң, сонда жигитлер жүзиңе қарамайды.

☺ Көп бояна бермең, бетиңиз қалың болып кетеди.

*Еркеклерге мәсләҳәт*

☺ Егер насыбайды қойғың келсе, умытып кетпейтуғын жерге қой!

☺ Ҳаялың саған жағымлы сөзлерди айтып басласа, демек оның таза көйлек кийгиси келип атыр.

☺ Ҳаялыңның туўылған күнин бир өмир есте сақлаўды қәлесең, бир рет умытып көриң, қайтып умытпайтуғын боласаң.

☺ Егер ҳаялың урыса берсе онда... ШЫДА! Басқа илажы жоқ.

☺ Егер қара шайың ирип кетсе, көк шай демлең, егер көк шайың да ирип кетсе, онда саған үйленген күйеўиңе рахмет айт!

☺ «Жигитшилик — ийтшилик» дегенге исенсеңиз, күйеўиңизди аўқатқа тойдырып, кеште босатып жибериң!

☺ Егер анемичный болсаң, күйеўиңниң қанын иш!

☺ Егер күйеўиң азанда кетип, кеште кеш келсе, қуўана бериң, кеште кетип, азанда келгенде не қылар едиң?

☺ Егер күйеўиңниң мәс болып келгенин көриўди қәлемесең, көзиңди жумып отыр ямаса светти өширип қой!

☺ Күйеўиң сеннен қорқатуғын болса, демек, сен қорқынышлысаң...

☺Ҳеш бир ресторанның аўқаты үйдиң аўқатына тең келмейди, әсиресе, баҳасы.

☺ Аўқатыңыз қатты мазалы болыўы ушын — үш күннен бир писириң!

☺ Егер қонақлар аўқатты аз жесин десеңиз, альбомларыңызды әкелип, сүўрет көрсетиң!

☺ Қонаққа барғанда бос қайтыўды қәлеме-

сең, кишкене балаларыңды ертип бар, кеминде такси пулыңды тиклеп қайтасаң.

*Улыўмалық мәсләҳәтлер*

☺ Ҳүждан азабы түнде уйқы бермесе, күндиз уйқылаң!

☺ Жуўырсаң азасаң дейди, изге қарап жуўырсаң семиресең.

☺ Егер — балаңыз сизди тыңламаса, басқалар менен әсте, сыбырласып сөйлесиң, әлбетте тыңлайды.

☺ Барлық нәрсе өз қолыңда, қолыңды тез-тезден жуўып тур!

☺ Ерте таңда ояныўды қәлесең, кеште ғарбызға тойып уйқыла!

☺ Көшени кесип өтип атырып тек светофорға емес, ал, машиналарға да қараң, себеби, усы ўақытқа шекем ҳеш кимди светофор басып кетпеген.

☺ Егер шашыңда қайызғақ болса, ақ точкалары бар қара көйлек кий!

☺ Егер организмиңизде витамин азайып кетсе, тез-тезден қонаққа барып турың!

☺ Жораңнан қутыла алмай жүрген болсаң, қарызға ақша бер!

☺ Бүгинги исти ертеңге қалдырсаң... бүгин арқайын дем аласаң.

◎ Егер сүйир шыбынлар уйқы бермей атырған болса, светлерди жағып әйнек-қапыларды ашың, сонда сырттағы сүйир шыбынлардың бәри ишке киреди, соң әйнек-қапылардың бәрин жаўып таслап, сыртқа барып арқайын уйқылайсыз.

## ЗАМАНАГӨЙ НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАР

◎ Жети өлшеп.., еринshek емес екениңди дәлилле!

◎ Мениң ким екенимди айт, сениң ким екениңди айтаман.

◎ Шөжени гүзде, мәйекти азанда санаймыз.

◎ Қуда мың жыллық, қалың малды 1000 жылға шекем бөлип төлей беремиз.

◎ Қайтып келер есигиңди қатты жаппа!

*(«Дамас» шофёрларының гәпи).*

◎ Басың ислемесе еки аяқтың соры.

*(Футболшыларға айтылған нақыл).*

◎ Аңламай ислеген мәжбүрий үйленеди.

◎ Бетине айтқанның айыбы жоқ, егер бети бар болса.

◎ Ерте турған жигиттиң, түсте уйқысы келеди.

☺ Тойға барсаң тойып бар, аш қарынң өшип қаларсаң.

☺ Тойға барсаң бурын бар, бурын барса көп ишесең.

☺ Бети қалыңның — наны қалың.

☺ Кимниң тауығы писсе, соның қонағы бол!

☺ Жаманның уяты болмас, ақшаны зыяты болмас.

☺ Жерди сүрсең гүз сүр, гүз сүрмесе бәри бир бәҳәрде өзиң сүресең.

☺ Орақшының жаманы орақ, қатынны жаманы қонақ, қонақтың жаманы арақ таңлайды.

☺ Салының арқасында Шыныбай машын минди.

☺ Бузаудың жууырғаны қораның кеңли гине пайлы.

☺ Шешесин көрип, қызын ал.
Шийшесин көрип, арағын иш.

☺ Той десе официант жумалайды.

☺ Мийнет етсең еринбей, сырт елге бару шәрт емес.

☺ Басы ауырмағанның похмел менен не иси бар?

☺ Ерди ер қылатуғын да, қара тер қылатуғын да — қатын.

☺ Жолы болған жигиттиң ҳаялы: «Қайда баратырсаң?» — деп сорамайды.

☺ Ерди намыс өлтирер, дуканшыны таныс өлтирер.

☺ Қазанға жақынлама, аспаз бақырады.

☺ Подвалды суў алса да 5-этаждағыларға бир пул.

☺ Жети өлшеп, баслықтың айтқан жеринен кес!

☺ Соқыр қоразға бәри мәкийен.

☺ Алдынғы арба қайдан жүрсе, кейинги арба озыўға ҳәрекет етеди.

☺ Жыллы-жыллы сөйлемесең, қатының төркинине кетип қалады.

☺ Ананың кеўли балада, баланың кеўли қызларда.

☺ Атаға қарап ул, айнаға қарап қыз өсер.

☺ Қызым, саған айтаман, келиним, сен жумысыңды ислей бер!

☺ Еки жақсы бас қосса, бирин-бири қыймайды.

Еки жаман бас қосса, соңынан биреўи алимент төлейди.

☺ Айдың он беси қараңғы, он алтысы жақты, март 31 инен питеди.

☺ Аўзы қыйсық болса да, байдың баласына тийип ал.

☺ Дос басқа, душпан аяққа, қызлар қалтаңа қарайды.

☺ Аш бала тоқ бала менен ойнамайды, тоқ бала компьютер ойнайды.

☺ Биреўге гөр қазба, керек болса өзи қазып алсын!

☺ Жети рет өлшеймен деп жүргенде, басқалар кесип кетпесин!

## НӨКИС ҲӘМ «ДАМАС»

☺ Егер телефоннан пайнет, кеселден дәрихана, жолаўшыдан «Дамас» көп болса, демек, сиз Нөкистесиз!

☺ «Хожан аўыл», «Шадлы аўыл», «Адай аўыл», «Боз аўыл», «Қум аўыл», «Кебир аўыл» — гилең аўыл... Ҳаў, сонда Нөкис қаласы қайда??? — Тәшўишленбең, қала аўыллардың биригиўинен пайда болады.

☺ Нөкистиң маршрутный таксилери қандай әжайып! Адам басына бир машыннан туўра келеди. Исенбесеңиз базарға барып көриң, «бир адам болса жүремиз» деп турады.

☺ Маршрутныйлар тоқтайтуғын бәндирги атамалары да қызық: «Салмада таслап кет», «Трубада қалайық», «Текшеде түсетуғын

лар», «Саатта тоқтап кетиң», «Теректе түсемен» дейди, тап бир Нөкисте басқа терек жоқтай. Ең көп адам түсетуғын бәндиргиниң атамасы «Усы жерде тоқтап алың». Жақында және бир қызық бәндиргиниң атын еситип қалдым: «Бурынғы остановканың орнында тоқтап аласыз ба?» деген.

☺ Бизлердиң паркке «комната страха» деген керек емес, бизде «Дамас» маршрутныйлар жеткиликли. Олардың айырымларына минсең тәўбеңе келесең.

☺ Ҳүрметли жолаўшылар! «Дамас»та отырып даўыслап, гүбирленип, айдаўшыға кесент етпең, ишиңизден сыйының!

☺ Маршрутный такси айдаўшылар компьютердеги машина жарысын көрип: «Ҳим-м, бул да ойын болып» деп күлимсипти.

☺ Егер маршрутта жүрген «Дамас» әстен, абайлап жүрип киятырған болса, демек айдаўшының ҳүжжетлери кемис.

☺ «Дамас»тың ортасында отырып қалған адамның периштеси ушады, дейди. Себеби, ойни көп қағылады екен.

☺ Бир жигит «Дамас»та айланып отырып киятырған қызды «айландырып» алыпты.

☺ Маршрутта «Дамас» айдайтуғын Жамал кеште үйинде дастурхан басына жети адам жыйналмаса аўқаты батпайды екен.

☺ Ҳиндлер қудайы болған төрт қоллы Кришна бир қолы менен телефонда сөйлесип, бир қолы менен ақша санап ҳәм «Дамас»ты басқарып баратырған Нөкистиң шофёрларына тән берипти.

☺ «Дамас» шофёрлары дүкәнда саўда ислесе ақшаны терис қарап турып береди екен.

☺ Бурын маршрутта «Дамас» айдаған жигит кейин тамада болып кетипти ҳәм ол сыймай қалған қонақты стулчикке айландырып отырғызады екен.

☺ Атадан алтаў туўсаң да «Дамас»қа мингенде жетеўсең.



*Жек көриўшилик ҳәм қорқынышқа қарсы ең жақсы шара — күлки.*

*Чарлз Чаплин.*

---

## ӨМИР ДЕГЕН...

☺ Өмир дәптеринди таза беттен баслаўға болады, бирақ, почеркини өзгертиў қыйында.

☺ Өмир еки басқыштан турады. Биринши басқышта ақыл жетиспейди, екиншисинде болса — денсаўлық.

☺ Ол балалығынан ашкөз болып, ысқырғанның өзинде, аўзына бес бармағын тығатуғын еди.

☺ Негизи базар қымбат емес, ал, адамлардың қәдири арзанлап кетти.

☺ Мен тек бир сөйлеймен, қайталап айтайын десем умытып қаламан.

☺ Ишки сезимниң, ишки даўыстың айтқанын ислей берме, себеби, олар сыртта не болып атырғанын билмейди.

☺ Ҳаўа райы ҳаққында мағлыўматтың ең соңына «сондай болыўы күтилмекте» деген сөз шәртли түрде қосып айтылады. Бирақ,

бизиң ҳаўа райымыздың күтилмегенде өзге-
рип туратуғыны бар-дә.

☺ Жыртық джинси мода болды, енди
қашан жыртық носки мода болады екен.

☺ Дене тәрбиясы факультетиниң 3-курс
студентлерине кураторы: «Аудитория
мүйешин толтырың» деген екен, олар
аудитория мүйешин насыбайға толтырыпты.

☺ Ансамбль тойға 200 мың сўм менен
шығады, егер 300 мың сўм берсеңиз, аяқ
ойыншы қызды таслап, тек өзи келеди.

☺ «Ержетпеген балалар» таңлаўында 28
жасар бала екинши орынды ийеледи,
себеби, биринши орынды оның әкеси жеңип
алған еди.

☺ Фермер-диййқанның баласы әскерликте
жүрип хат жазыпты: «Сәлем хат! Ата, армия
дегениң рәҳәт екен, азанғы саат 6 ға шекем
арқайын уйқылаймыз, аўылдағыдай таңғы
4 те оятпайды.

☺ Мен бул хатты ә-ә-әсте-е-е-н жазып
атырман, себеби, сен тез-тез оқый алмайсаң.

☺ Егер бес минут жыласаң — көзлер терлеп
баслайды екен.

☺ Ҳәзирги жаслар қаяққа баратыр?
Айтың, бизлер де барайық.

☺ Ол түнги саат 4 ке шекем «Уйқының пайдасы» атлы көрсетиўди көрип жатты.

☺ Өмир өзи сондай, көнликпесең өлесең, өлмесең көнлигесең.

☺ Ҳәмме нәрсе ислеп шығарыў бойынша ҳәммеден алдында — Қытай.

☺ Оғада қызғаншақ жигит ҳаялының телефонындағы МЧСтиң смслери ушын ажырасып кетипти.

☺ Мәкемеде әдираспан түтетиўди өрт қәўипсизлигине жуўапкер адам өз мойнына алсын.

☺ Есик соғатуғын устаханада «Ашық әшиклер күни» болып өтти.

☺ Шембиликте ГАЙ хызметкерлери терек нәллерин тек жоллардың бойына отырғызады екен.

☺ Тек бир қулағы еситетуғын бала, еситкенлерин тез ядлайды екен.

☺ Мениң өмирим еки түрли болып өтип отыр. Үйде телевизор көрип, компьютерде ойын ойнап отыраман, ал, жумыста.., яқ, мениң өмирим бирдей екен.

☺ Ериншеклик энергиясы — ең таўсылмайтуғын энергия.

☺ Шегени отвертка менен қатырғаннан, шрупты шөккиш пенен қаққан аңсат.

☺ Сулыў қыз жигиттиң уйқылаўына кесент етеди.

☺ Ҳәжетхана қағазы пайда болғанлы бери адамлар саўатсыз болып баратыр.

☺ Оптимист — ең соңғы пулына кошелек сатып алады.

☺ Жалаңаш жатырған адамға ең көп қызығатуғын — бул СҮЙИР ШЫБЫНЛАР!!!

☺ Мениң ағам бензин заправкиге уқсайды — қасында шегиўге болмайды.

☺ Ҳаялыма еки хана ажыратқанман: биринишисинде дем алады, уйқылайды, екиншисинде кеўил көтерип, қәлесе аўқат писиреди, қәлесе қазан-табақ жуўады.

☺ Темеки шегиўди таслаў ап-аңсат, мәселен, мениң өзим жылына үш-төрт мәрте таслайман.

☺ Машина айдап үйренсең, сөгиниўди де қосып үйренесең.

☺ Мен шепке бурылмайман, ал, үш рет оңға бурыламан.

☺ Өмирде тек ақ пенен қараны айырып билиўдиң өзи жеткиликсиз, көк, сары, қызылларды да айырып билиў керек екен.

☺ Кийим илдиргишке сыймағанды пол көтереди.

☺ Сиз денеңизди тик услап, күле шырай берип, ақыллы нәзер менен алдыға қараңыз, демек сүўретке түсип атырсыз.

☺ Маңлай шашымды келтертип — билдим, өмир қызық екен.

☺ Курортқа бир жоллама менен пүткил коллектив дем алыўы мүмкин — егер курортқа баслық кетсе.

☺ Алдыңнан қоңыр пышық өтсе — ол ескертиў, қара пышық киятыр дегени.

☺ Мәкемениң ақшасын жемең, баслықлар бәсекини жақтырмайды.

☺ Егер сен ақмақ адамды излеп атырған болсаң, демек сен еле өзиңди таппадың.

☺ XXI әсир — тезлик әсири. Кеше таныс-қанлар бүгин үйленип, ертең ажырасып атыр...

☺ Буратино отын шабыўға тоғайға барыпты ҳәм туўысқанларын көзи қыймай, қайтып кетипти.

☺ Кеше дене тәрбиясы факультетинде сөгинбей жүриў бойынша акция өткерилди. Акция қағыйдасы бойынша сол күни ҳеш ким сөгинбей жүриўи керек еди.

Нәтийжеде, биринши курслар жоқарғы курсларды тыңламай кетти, шембилик өтке-

рилмей қалды, жыйналыс дым қызық емес болып өтти, 28 адам дем ала алмай туншығып аўырып қалды, қулласы, сол күни факультетте оқыў тоқтады.

☺ Ажырасыўлар көбейиўиниң себеби, айырым ата-аналар улларына: «Жүре бермей, үйленип тасла», — дейди. Ал, баласы үйленип болып, таслайды.

☺ Бүгин кеште бәнтпен, ҳаялым үйге аўқатқа шақырып еди.

☺ Адам өз мийиниң тек 4 % инен пайдаланады екен, ал, ҳаял күйеўиниң мийинен 100% толық пайдаланады.

☺ Қызыл рең дыққатты тартады, көк рең тынышландырады, ырасында да көздиң астындағы көк рең адамды тынышландырады.

☺ «Мениң балам үш жасында табыс таўып баслады» — деп алимент алып отырған ҳаял мақтанып атыр.

☺ — Апа, ойнап қайтайын? — Көп жүре бермей, тез қайт!

— Апа, мен оқыўға баратырман. — Сабақтан соң көп жүре бермей, тез қайт!

— Апа, мен отырыспаққа баратырман. — Тез қайт, қызым!

— Апа, мен турмысқа шығажақпан. — Тез қайт!

☺ — Улым, еркектиң үш ўазыйпасы болады: терек егип, бағ жаратыў; имарат, жай салыў ҳәм перзент тәрбиялаў.

— Аға, мен үш ўазыйпаны да атқарып болдым, енди компьютер ойнаўға барсам бола ма?

☺ «Усы ақырғысы, енди мениң алдымды ҳеш ким кеспейди» депти сүннет етилген бала.

☺ Бақшадағы көпшилик балалар прививкадан соң пахтаны тасламайды, себеби, оннан папасының ийиси келип турады екен.

☺ Арақ ишип, дийўалға сүйенетуғынларға мәсләҳәт: Қытайға барып ишиң, «Уллы Қытай дийўалы» таўсыламан дегенше саўалып кетесиз.

☺ Мен мына немис халқына дым түсинбедим, себеби, мен немисше билмеймен.

☺ «Сулыў емес қыздың өзи болмайды» деген екен 15 жыл жалғыз өзи жасаған Робинзон Крузо.

☺ Палкер оған былай деди: — Сениң алақаныңдағы жасыл сызықлар насыбай ататуғыныңды билдирип турыпты.

☺ «Мен өтирик сөйлесем қатты қызараман», деп атырып ол қызарып кетти.

☺ Ҳүжданым бар, бирақ, оны жойтып алыўдан қорқып, үйге таслап кеттим.

☺ Өзиң ҳаққында барлық нәрсени билемен деп ойлама, сен ҳаққында сеннен де көбирек билетуғын өсекшилер табылады.

☺ Аспанда ушып баратырған қусқа төменнен, ийтке болса жоқарыдан қараймыз, ал, ешеклер менен қапталласып, ҳәр күни бетпе-бет көрисиўге туўра келеди.

☺ Сиз қарсыласыңызды жеңе алмай атырсыз ба, онда өзиңизге ҳәлсизлеў қарсылас табың!

☺ Оны бир жастан үш жасқа шекем «ақудай» деп шақыратуғын еди, үш жастан жети жасқа шекем «жүўернемек» деп шақырды, 7 жастан 16 жасқа шекем «ақмақ», 16 дан 25 ке шекем «қаңғыбас», 25 тен 65 жасқа шекем «мәнтирсек» деп шақыратуғын еди.

Тек 65 жастан кейин ғана ол ҳаққында «Көнбесбай аға, тийе берсин, жақсы адам еди» деп айтатуғын болды.

☺ Олар бахытлы жасап атыр еди, қоңсысы машина сатып аламан дегенше.

☺ Ҳеш ким Базарбайдың пышығына

«пыш» дей алмайды, себеби, ол пышық сақламайды.

☺ Мениң өзим ырымға исенбеймен, соның ушын да маған қара пышықлар тоқтап жол береди.

☺ Аўылда ең көп жер асты қазылма байлықлары — булар гешир, картошка, пияз...

☺ Мәселе: Мәкемеге келген хат биринши этажда қабылланып, үш күннен соң екинши этажға жетти, хаттың тезлигин анықлаң?

☺ Досты сатып алыў мүмкин емес, бирақ, сатып кетиўге болады.

☺ Бизиң ваннада еки крайник бар, биреўи көк, екиншиси қызыл. Көк крайникти бурасаң муздай суў ағады, қызылын бурасаң ағып турған муздай суў тоқтайды.

☺ Хызметкерлердиң қайсылары жағымпаз екенин билиў ушын баслық қызық емес анекдот айтып көрди.

☺ Сырт елден келген мийман былай деген екен: — Сизлер мәңги жасайтуғындай етип жай саласыз, тап бир ертең өлетуғындай болып аўқат жейсиз.

☺ Сериал көре беретуғын жигиттиң ҳаялы ең қызық жерине келгенде төркинине кетип қалды.

☺ Негизинде, бахыт деген сезим адамға дос емес, сен қуўанышлы ўақытта жанында болады, қайғылы ўақтыңда сеннен жүз бурады.

☺ Тойханада әнсамбль столындағы еки шәйнектиң биринде арақ қуйылып турады деп ойлағанлар алжасады, екеўинде де арақ болады.

☺ Ҳәзирги айырым жаслар неге наушникти тасламастан тағады, себеби, алса еки қулағының арасында «сквозняк» самал еседи.

☺ Жоқарыда тек қаймақлар емес, көбиклер де жоқарыда болады.

☺ Эҳ, бир талай жумысларым исленбей қалды, еле алдымда қанша, исленбейтуғын жумыслар турыпты?

☺ Қызлар, сизге жигитиңиз бриллиант саўға етип, бир өмир қолына көтерип жүриўди ўәде етсе..., ояның, таң атты. Жумысқа кешигесең.

☺ УЗИдиң анықлаўына қарағанда, той әлбетте болады.

☺ Көптен берли киймеген шулығың тазадай болып көринеди.

☺ Неврологияға нәўбет күтпестен киргиси

келген жигит травматологқа нәўбет күтип отырыпты.

☺ Мен 2-январь күни жумысқа келмедим, себеби, келдим деп ойлап қалдым.

☺ Егер бойдақ жигит шулық жуўып атырған болса, демек ол ең соңғы таза шулығы.

☺ Жас өспиримлерге арналған темеки қутысындағы жазыў: «Әкең билсе өлтиреди!».




10
2
3

*Әўмети жүрип турса да кишипейиллер керилмейди,*
*Кеўилли жасап өтейик, өмир еки берилмейди!*

***Юморбек***

---

## СПОРТ. СПОРТ. СПОРТ

☺ Бес мәрте жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев «Ўай-ўай, әжаға, болды, енди урмайақ қойса!» деген сөзлерди дүньяның 28 тилинде еситип көрипти.

☺ Мениң жорам өзиниң жүретуғын қызы Гуля менен қойысқысы келип жүр. Бирақ, Гуля каратэ бойынша чемпион. Сол ушын қашан қойысыў кереклигин Гуляның өзи шешеди.

☺ Футболшы Криштиану Роналду автограф қояман деп алжасып, басқа бир команда менен шәртнамаға қол қойып жиберипти.

☺ Футболшыларымыз жанкүйерлерди қатты қуўандырды. Тилекке қарсы, олар қарсылас команданыки еди...

☺ Айырым футболшылар топтың изинен емес, бала-шаға деп жуўырады екен.

☺ «Қарекеңниң футболшылары жақсы ойнай алмайды» дейди, бирақ, олар өзимиздиң комментатордың айтып турғанына салыстырғанда тәўирирек ойнайды-аў, мениңше.

☺ Балаларымыз миллий ойынларды ойнаўы ушын, шүллик, қашарман, асық деген ойынларды компьютерге киргизиў керек.

☺ Кеше бир жигит 40 метрлик бассейнде көзин жумып 45 метрге шекем жүзип барды.

☺ Кеше бизиң дайының тойында еркин төбелес бойынша аўыл чемпионаты өткерилип, онда аўыл бийлери төрешилик етти.

☺ Айырым спорт түрлери қарақалпақша екен:

каратэ — «қара тер» болып шуғыллан дегеннен келип шығыпты;

футбол — пут бол;

баскетбол — бас кетсе де бол, ойна;

волейбол — «бәле болды» дегеннен келип шығыпты;

теннис — еки тәреп тең ислейтуғын ис.

☺ Егер сен микрорайонның сүйир шыбынларын бир урғанда өлтире алсаң, демек, сеннен күшли теннисши шығады.

☺ Аўыллық жердеги футбол ушырасыўының репортаж: «Жараланған ойыншыға жетип барған тәўип, оны ушықлап, жығылған жерине үш рет түпиртип атыр».

☺ Өмир жуўырыў бойынша жарысқа уқсайды, ҳәмме алдыға жуўырады, бирақ, финишке ең соңында барыўға ҳәрекет етеди.

☺ Футболшылар футболка алмастырыўды бизиң қарекеңниң тойларындағы қудағайлардың дастурхан, материал алмастырғанын көрип үйренген болса керек.

☺ Спорт пенен турақлы шуғылланыўдың пайдасы — картайғанда аўырмай өлесең.

## СТАТИСТИКАЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТЛАРҒА ҚАРАҒАНДА...

☺ — Үлкен жастағылар көбинесе қандай темада сөйлеседи?

— 20% и той-мереке ҳаққында, қалған 80% и ҳәзирги жаслардың бузылып баратырғаны ҳаққында.

☺ — Егер жигит қызға унамай қалса, сөйлеспеў ушын қызлар қандай себеп табады?

— 10% и «жигитим бар» дейди, 20% и

руўлас болып шығады, қалған 70% қыз «контрактпан» деп айтады.

☺ — Сабақтың ўақтында студентлер арасында ең көп берилетуғын сораўлар?

☺ — 30% и «Аўысық ручкаң бар ма?», 70% и «Қоңыраўға неше минут қалды?» деп сорайды.

☺ 90% қызлар сүўретке түсип болып: «Қәне, қандай, көрейик?» деп сорайды екен.

☺ Жаслар тойларында нама алыспада буйыртпа етилетуғын қосықлардың 10% и «Лезгинка», 10% и «Лазги», 20% и қарақалпақша қосықлар, 60% и «Оппа гангнам стайл».

☺ Шыпакерлердиң ең көп айтатуғын сөзлери: 30% и «Мына диагнозды қандай саўатсыз шыпакер жазып берген?», 70 % и «Және азмаз жүргениңде асқынлап кетейин деп тур екен».

☺ Кешки саат 8.00 ден баслап 100% «Дамас» шофёрларының айтатуғын сөзи «Жақпаса, минбе!».

☺ «Нөкис-ФМ» радиосындағы эфир ўақтының 10% и еситтириўлер, 10% и қосықлар, қалған 60 % и таксилер рекламасынан ибарат екен.

☺ Ҳәзирги ўақытта жаслардың 5 % и оқыў, 10% и жумыс ислеп, ақша табыў, 15 % и компьютер ойынлары, 70 % и телефон, интернет пенен бәнт болады екен.

☺ Базарда сатыўшылар тәрепинен ең көп айтылатуғын сөзлер: «Ол китайский, мынаў оригинал», «Кел, бизики чистый тәрези», «Алмасаң да кийип көр, размериң қандай?», «Келисип, арзанлаў беремен», «Бизлер де тек үстиндеги 1—2 сўм ушын отырыппыз».

☺ Базар бәндиргисиндеги ең көп айтылатуғын сөзлер: «Енди бир адам болса жүремиз».

☺ Уялы телефонда ең көп айтылатуғын сөзлер: «Мине, жақынладым».

☺ Телефонда жаслар, әсиресе, қызлар тәрепинен ең көп айтылатуғын сөзлер: «Сөйтип, не жаңалық, қызық айтса?»





## СТУДЕНТ — БАЙ ХАЛЫҚ...

☺ Саўатсыз абитуриент: — Аттым-баттым пири қоллағай!

☺ Қарлпақ тлден жакси ышпор сатылат. Мағылумат ушн тилепон: ушжузеки отзбир қрғуш.

☺ Оқыса, имтиханнан қәлеген адам өтеди, оқымай өтип билиў керек.

☺ Инглислер менен орысша сөйлесиў ушын «Стрл+Шифт»ти басыў керек.

☺ Кешки саат 8.00. Жатақхана. Студент: — Уфф.., және макарон..!

Азанғы саат 7.00.— Уфф.., кешеги макарон ба?

Түски 2.00. — Ўо-о-о.., жылытна макарон, урра...

☺ «Ҳәзирги жаслар бузылып баратыр» деген гәп бар. Оны айтатуғын аталар ҳәм апалардың өзлери де жас ўақтында бул гәпти еситкен.

☺ Егер адам гөш жемейтуғын вегетариан болса, демек ол — студент.

☺ «Студент» сөзи — монғол тилинен алынған болып, «СТУ»— маңлай, «ДЕНТ»— шор, яғный, «маңлайы шор» деген мәнисти билдиреди екен.

☺ «Студент — бай халық» дейди. Ол бийкар. Студент — қаттыға бай халық!

☺ Студент аш ўақытта ойлана алмайды. Тамағы тоқ болса, улыўма ойланбайды.

☺ Студент қызларға арналған помада ойлап табылды, онда гөштиң дәми бар.

☺ Диплом жумысын қорғаўдан шығыш, бир-бирине суў қуйып атырған студентлерди көрген бир дийқан ағамыз: «Диплом жумысын қорғаўды бизиң салы атызда өткерсек, суўды ысырап етиўдиң алдын алар едик», — депти.

☺ Студент халық ертеклери: — Бир бар екен, бир жоқ екен. Бир студент болған екен. Ол студенттиң квартирасында аўқат бир бар екен, бир жоқ екен. Ол студент сабақта да бир бар екен, бир жоқ екен. Муғаллимлер қанша сабақ сораса да, ол студентте билим бир бар екен, бир жоқ екен... Бул ертектиң де басы бар, изи жоқ екен...

☺ Шәкирт устаздан сорады: — Устаз, мен шпаргалкадан барлығын дурыс белгилеп едим-ғо, неге оқыўға кире алмай қалдым? Устаз жуўап берди:— Шпорға жазылғаны менен маңлайға жазылмаса пайдасы жоқ!

☺ Айырым студентлердиң диплом жумысының әҳмийети — тек оның дипломын алыўға ғана жарайды.

☺ Ҳақыйқый профессор-оқытыўшы уйқылап атырған студентлер менен де сөйлесе алады.

☺ «Муғаллим, әстен айтың, мен жазып үлгере алмай атырман» дей беретуғын студент мектепке муғаллим болып барып: «Оқыўшылар, әстенлеў жазың-я, мен айтып үлгере алмай атырман», — депти.

☺ Кеше биреў юрфактың алдына «Запорожец» машинасын қойып кетипти. Усы ўақытқа шекем ҳеш ким бундай дәрежеде юрфактың студентлериниң намысына тийген жоқ еди.

☺ Еки студенттиң сөйлесиўинен: — Сен үйге жақынлағанда гудок тасла, өзим саған «перезвони» деген смс жиберемен.

☺ Студенттен қорыққан фермер қаўын екпейди.

☺ Алтын, гүмис тас екен, макарон сорпа ас екен.

☺ «Ҳәзирги жаслар оқымайды» дейди айырым жасы үлкенлер. Бунда олардың да үлеси бар. Себеби, айырым ағайларға «Ассалаўма әлейкум», десең «Оқымай молла бол» деп жуўап береди.

☺ Студентлер асханасындағы пирожкилердиң баҳасы: гөшли пирожки — 1000

сум, картошкалы пирожки— 500 сум, қуры пирожки — 300 сум.

☺ Ең тез өтетуғын ўақыт — бул студентлик ўақыт. Түни менен уйқыламайсаң, бирақ, азанда оқыўдан кешигесең.

## ТЕК БИЗИҢ ҚАРЕКЕҢ...

Ҳәр бир халықтың өзине тән өзгешеликлери болады. Олар сол өзгешеликлери, менталитети менен басқалардан ажыралып турады. Сол айтқандай, қарақалпақ халқы да өзиниң ҳәрекетлери менен өзге халықлардан парықланады. Яғный, тек ғана бизиң қарекенде:

☺ телефоннан қоңыраў етип, ҳал-жағдай сорамастан бурын «алло, қаяқтасаң?» — деп сорайды;

☺ уялы телефоннан сөйлесип болып, балансындағы ақшасын тексерип көреди;

☺ гөне туфлидиң еңсесин басып, «тәпишки» етип кийеди;

☺ ҳәр еки адамның бири, қандай да бир жерге «өрт қәўипсизлигине жуўапкер»;

☺ жумыс ислеўи ушын дем алысқа (отпуск) шығады;

☺ бир тойда, бир гилемди айландырып еки рет тапсырады;

☺ биреўдиң сөзин жықпайын деп, өзин ..раққа жығады;

☺ бир қарызынан қутылыўы ушын ..кинши бир жерден қарыз алады;

☺ «Дамас»та айланып отырыў деген ..қыллы пикир»ди қарекең ойлап тапқан;

☺ автобуста танысын көрсе «яғ-аў, өзим ..өлеймен» деп, жол кирей ҳақысын қосып ..өлейди;

☺ жигитлери жасы қырқтан өтсе де бас ..үгистирип сәлемлеседи;

☺ тойлары қол шапалақлар менен басла..нып, муш пенен жуўмақланады, соның ..шын да бизиң қарекеңниң тойларында ..амада баслап, милиция жуўмақлайды;

☺ полды краскилесе, гилемниң шетиндеги ..өринип турған жерлерин ғана краскилей..и;

☺ жигитлери қолын жуўып болып, қолы..ның суўын шашына сүртеди;

☺ пайнеттен телефонға ақша салып болып, ..қша түскенше узаққа кетип қалмай күтип ..үреди;

☺ бир қонақтан аўысқан дастурхан зая ..олмасын деп, екинши бир қонақларды ..ақырып, күтип жибереди.



## ЖӘНЕ ДЕ ҚОЛ ТЕЛЕФОНЫ ҲАҚҚЫНДА

☺ СМС: — Маған қоңыраў етип жибер, телефонымды таба алмай атырман.

☺ Қол телефоны! Аты айтып тур, қолды бәнт ететуғын телефон.

☺ «Нокия» телефоны ашылғанда еки қол шығып сәлемлеседи. Егер қарақалпақша телефон болғанда, еки қол сәлемлесип болып, басларын дүгистирер еди.

☺ Европада ҳүрметли адамды көрсе, бас кийимин шешип сәлем береди, ал, бизиң жасларымыз ҳүрметли адамды көрсе наушнигин шешип сәлемлеседи.

☺ «Келешек жаслар қолында» деймиз, ал, айырым жаслардың қолы телефоннан босамай атыр.

☺ Ҳәзир көпшилик жаслар телефоннан басқасын билмейди. Ҳәтте, айырымларының ийесине қарағанда телефоны ақыллырақ па деп қаласаң.

☺ Ысқырған сести смс ушын пайдалансаңыз, баланста ақша азайып кетеди.

☺ Бизиң аўылда тек бойы узынлардың ғана телефонына қоңыраў келеди.

☺ Бурынлары адамлар телефоннан сөйле-

сетуғын еди, ҳәзир айырым адамлар телефонда өзи менен өзи сөйлесетуғын болыпты.

☺ Бирин-бири көре алмайтуғынлар телефонда сөйлеседи.

☺ Ҳәзир азанғы зарядканы тек телефонлар ислейди.

☺ Адамлардың көзине тик қарап сөйлей алмасаң, телефонда сөйлес.

☺ Тест. 1-август: Телефон — билим булағы.

☺ Дос басыңа қарайды, душпан қолыңдағы телефоныңа қарайды.

☺ Сенсация! Телефоны жоқ студент! Телефонсыз қалайынша шыдап жүрипсиз, бул қалай жүз берди? — Кафеде залогта қалып еди.

☺ «Билайн» компаниясы менен электр тармақлары кәрханасы бирге жумыс баслапты, олардың ураны: Ақшасын төле ҳәм өмирдиң жақты тәрепинде бол!

☺ Бүгинги күнниң көриниси: көшеде танысын көрип қалады, ҳалжағдай сорасып болып, шәртли түрде «Қайсы номердесең?» деп сорайды, гудок таслайды, жазып алады. Бир күнлери және ушырасып қалады: — Баяғы номердесең бе? — Аўа. — Бопты, қоңыраўласып, сөйлесемиз, — дейди. Жоқ, кейин сөйлеспейтуғынын екеўи де биледи.

☺ Егер уллы болсаңыз атын Абат яки Аббаз деп қойың! Телефон номерин жазғанда биринши болып турады, тез таўып аласаң.

☺ Бурын телефонның шнуры болатуғын еди, кейин шнур жоқ болып, антенна пайда болды, соң антенна жоқ болды, ҳәзир клавишиде жоқ болып, тек экраны қалды, енди неси жоқ болады екен?

☺ Қәлеген музыка қулаққа жағымсыз еситиледи, егер қоңыраў орнына қойылса.

☺ Телефон ең қолайсыз ўақытлары шыңғырлайды.

☺ Ең үлкен машқала — телефоның үйде қалып кетсе.

☺ Телефонның ақшасы таўсылса, ийеси өзин қаны азайып, анемичный болып қалғандай сезеди, заряды таўсылса, аш қалғандай болып жүреди.

☺ Ең үлкен өтириклер усы телефоннан айтылады: «Мине, жақынладым», негизи, енди жолға шығып атыр; «Жыйналыстаман, кейин өзим шығаман», негизи тойда отыр.

☺ Жигити сөйлесип жүрген қызына смс жазыпты: «Болды, қойысамыз», аз-маздан соң және: «Кешир, бул саған емес» деген смс келди.

# АДАМЛАРДА ГӘП КӨП

☺ Мәс еркеклерге айтылған гәп: «Қойыңдә жигитлер, саў менен саў болмаң!».

☺ Тоқ болып жүриң, тоқ адамды ток урмайды екен.

☺ Мойнақта қарамойын деген руў аз екен.

☺ Темирбай аға Тахтакөпирден Нөкистиң бетон көпир деген жерине көшип келди.

☺ Уялы телефонға қарағанда уятсыз телефонлар көп екен.

☺ «Төбе шашы тик турды» деген сөз тақырбасларға тийисли емес.

☺ «Аўзын толтырып мақтанды» деген сөз насыбайкешлерге тийисли.

☺ «Ысқырсаң ақшаң азаяды» деген ырым ГАИ хызметкерлерине тийисли емес.

☺ Өрт қәўипсизлиги хызметкерлери ескертеди: «Үйи жанғырдың баласы» деп ғарғаў қадаған.

☺ Буратиноның терис путағы бар екен.

☺ Әкеңниң мийин жегенше, аўқатыңды же.

☺ Қара басын ойлайтуғынлардың шашы ағармайды.

☺ Ҳәр ким өзинше ҳақ, мениңше олар ҳақ емес.

☺ Илимпазлардың анықлаўына қарағанда, е көп нәрсе анық емес қусайды.

☺ «Сени көрерге көзим жоқ», деди ол көз ткторына.

☺ «Өйтип не, басымыз алтаўмеди?» — еди үш баслы әйдарха.

☺ Атасы интернатта, ақлығы интернетте рбияланды.

☺ «Берекет — бирликте» — дейди. Неги-н, берекет бирликте емес, ал, елиў мың-ықта.

☺ «Палаў жедим, жедим палаў» — бул еўиниң парқы жүдә үлкен, деп даў шыға-ыпты Гүлмырза менен Мырзагүл.

☺☺☺

«Ашыл дастурқан» көрсетиўи

☺ Мен бүгин сизлерге «жылытпа» деген ўқатты таярлап үйретемен. Буның ушын изге кеше писирилген ярым қазан аўқат енен газ плита керек болады.

☺ Ол телевизорды соншелли көп көреди, ны ҳәтте дикторлар да таныйтуғын болып-ы.

**«Кәсибим — мақтанышым» көрсетиўи**

☺ Ассалаўма әлейкум, эфирде «Кәсибим – мақтанышым» көрсетиўи.

— Ата, кәсибиңиз кандай?

— Мен шайырман, қосық тоқыйман.

— Кемпириңиз не?

— Кемпирим шулық тоқыйды.

— Балаңыз не?

— Ә-әй, балам ишип келсе, өтирик тоқыйды.

— Онда қызыңыз өсек тоқыйды ғой?

— Яқ, қызым оқыйды.

— Қәйерде оқыйды?

— Тоқымашылықта оқыйды...

**Анонс**

☺ Ол тек фанта ишеди! Ол тек фантаға масласқан! Ол тек ФАНТАға МАС! Бүгин саат 22.00 де «ФАНТАМАС» фильмин тамаша етесиз.

☺ «Таслақ» елатындағы жайларды жейтуғын ужас ҳаққында жаңа фильм: ТЕРМИТНАТОР!

## УРЫНЫ ҚАРАҚШЫ БАССА...

☺ Әдалатлық бар екен. Етиктиң оң пайын урлаған урының оң аяғын машина басып кетти.

☺ Студенттиң стипендиясын урлаған уры

бир стипендия менен күн көриў мүмкин емеслигине көзи жетти.

☺ Күшли тәжирийбеге ийе уры терминал менен автобусқа минип, жолаўшылардың қалталарындағы пластик карточкалардан 8 миллион сўм ақша урлап кетипти...

## СЫРТ ЕЛ ХАБАРЛАРЫ

☺ Қытайда тек қарекеңлер ушын, бирақ, ҳеш ким киймейтуғын костюм-шалбар фабрикасы ашылды, оның аты «Қәделик» деп аталады.

☺ Японияда ток пенен жүретуғын машина жаратылыпты. Егер ол машина бизиң аўылға келсе, заряды таўсылғаннан кейин де батарейкасын тислеп-тислеп, және 2-3 күн айдаўға болады.

☺ Ҳиндстанда турмысқа шыққан қызлардың маңлайына точка қояды екен, ал, ажырасқанларына үтир.

☺ Қытайлылар аўқатты таяқша менен жегенди қойып, қасыққа өткенли берли гүриш қымбатлап кетти.

☺ Африкада колбасаны зебраның гөшинен таярлап көрипти. Бирақ, оның бир жери дәмли, бир жери дәмсиз болып шығыпты.

☺ Кореяда Ким деген фамилия көп тарқалған. Сол ушын ол жақта «аспанға тас ылақтырсаң КИМниң басына түседи» деген гәп бар екен.

☺ Сенсация! Корея тек бир сериялы кино ислеп шығарыпты.

☺ Ишш пискен илимпазлар ийт пенен пышықты шағылыстырды. Нәтийжеде, пайда болған ҳайўан тышқанды да аўлайды, үйди де қорғайды.

☺ Жас қарақалпақ илимпазлары өзлери ислеп шыққан компасты сынап көремиз деп Қызылқумның ишинде адасып кетипти.

☺ Илимпазлар бәрҳама қандай да бир жаңалықларды ашады, бирақ, жаўмай кете береди, үйлеринде есик жоқ па...





## ҲАЙЎАНАТЛАР ДҮНЬЯСЫ ҲАҚҚЫНДА

☺ Кирпитикенниң аяғына тикен кирип кетипти.

☺ Тасбақаның бөтекесине тас жыйналыпты.

☺ Шағал шағал-мәслик қылғанды жақсы көреди екен.

☺ Ал, кенгурудың болса шағалмәслик қылыўға қалтасы көтермейди.

☺ Жираф өзиниң мойнына болатуғын шарф таба алмай атыр.

☺ Крокодил териден тигилген сумканы көрсе, әкеси есине түседи екен.

☺ Пил керек емес жерге де мурнын суға береди.

☺ Сегизаяқ (осьминог) базардан бир коробка туфли сатып алыпты.

☺ Жолды кесип өтип атырған зебраны машина басып кетипти.

☺ Тышқан өзиниң инине «жай сатылады, баҳасы 1000 тилла» деген жазыўды қыстырыпты.

☺ Соқыр тоқылдаўық бетон бағананы тесе алмай атыр.

☺ Мәс болып қалған адамды шағып алған

сүйир шыбын «Айдынлар» деген қосық намасына дызылдапты.

☺ Дискотекадан шыққан жигитти тислеген ийт қутырып кетипти.

☺ Ийтлердиң ураны: «Ислеген тислейди!».

☺ Светти жаққанда қашпайтуғын нангөрек — ол батыр нангөрек.

☺ Тамағы аўырып, даўысы шықпай қалған қораз азанда адамларды шоқып оятады екен.

☺ Сүйир шыбынның гәпи: «Қалада, әсиресе, микрорайонда жасаў ушын оғада шаққан болыўың керек.

☺ Жылан — трезвый, бирақ, жатып, сүйретилип жүретуғын ҳайўан.

☺ Тасбақа — фундаменти ҳәм крышасы беккем ҳайўан.

☺ Пышық — ийттен бир сүйек қарызы бар ҳайўан.

☺ Сүйир шыбын — тез-тезден қаны азайып, анемичный болатуғын жәнлик.

☺ Кенгуру — тек өзиниң қалтасын ойлайтуғын ҳайўан.

☺ Иси ериккен илимпазлар ҳәрре менен шыбынды шағылыстырыпты, олардан пайда болған әўлад мазалы емес палды жыйнайды екен.

☺ Хабарыңыз бар, гүзде қуслар жыллы жаққа ушып кетеди, ал, еринщек қуслар котелханаға, теплицаға қарап ушады екен.

☺ Мазаңды алып қаныңды ишеди, бирақ, анық урсаң бир шаппатқа турмайды (сүйир шыбын).

☺ Алтын балықтың қасында гүмис балық, бронза балық ҳәм қатнасқанлар ушын «ҳүрмет жарлығы» деген балықлар бар екен.

☺ Егер ийт үрмей, ырылдай берсе, демек ол вибрацияда қалып қойған.





## ЕРКЕК КӨЗИ, ҲАЯЛ ҚУЛАҒЫ МЕНЕН...

☺ Аўқат жегим келип баратыр, кеттим, уйқылайман. (Диета сақлап жүрген қыздың гәпи).

☺ Бийик өкше туфлиди еркеклер ойлап тапқан, ҳаяллар узаққа қашып кетпесин деп.

☺ Аўқатты мазалы етип писире алмайтуғын ҳаял ҳеш гәп. Сол аўқаттың бәрин жеўге мәжбүрлейтуғын ҳаял жаман.

☺ Шаңарақта ҳаялдың ислеген ислери дым көзге көринбейди, егер ол үш күнге төркинине кетип қалса... ислейтуғын жумыслары көринип қалады.

☺ «Қызлар ушырасыўға кешигип келеди», — деп көп айтылады, негизи тең ярымы ғана кешигип келеди, қалғанлары улыўма келмей қалады.

☺ Еркектиң өмир жолында жол ҳәрекети қәўипсизлигин ГАИдиң орнына ҳаялы тәмийинлейди.

☺ Бурынғы ҳаяллардың барлығы сыйыр саўып билетуғын болған, ал, ҳәзирги ҳаяллардың басым көпшилиги тек ақша саўып биледи.

☺ Егер ҳаялы күйеўине «сен ақыллысаң» десе, демек басқа ондай ақмақты таба алмайтуғынын биледи.

☺ Ҳаялың менен сөйлесиў «Интеллектуал ринг» ойынына уқсайды, дурыс жууап бермесең, утыла бересең.

☺ Аңыз: Жаратыўшы биринши күни жерди жаратыпты, екинши күни еркекти, үшинши күни ақшаны жаратыпты, төртинши күни ҳаялды жаратқан екен.., бесинши күни ақша таўсылып қалыпты.

☺ Жақсы ҳаялдың гәпи:— Күйеўим аўқат жейди, мен таярлайман, ол жайратады, мен жыйнайман, ол кирлетеди, мен жууаман, егер күйеўим болмағанда мен не ислер едим? Рахмет оған, мени жумыс пенен тәмийинлеп қойыпты.

☺ Еркек көзи менен жақсы көреди, сол ушын да ҳаял-қызлар боянады. Ал, ҳаял қулагы менен жақсы көреди, сол ушын да еркеклер өтирик сөйлейди.

☺ Күйеўиниң «сендей еки ҳаялды бағыўға шамам келеди» деген гәпин еситкен ҳаялы үйине анасын алдырды.

☺ Егер ҳаял «көк бет» болса, оны косметика бояўлары менен де жасыра алмайды.

☺ Ҳаял менен сөйлесиў жөнелисли

таксиге минген менен тең, «Тоқтатып аласыз ба?» деп айтпасаң тоқтамайды.

☺ Ҳәзирги аналар бир қолы бесик тербетсе, екинши қолы менен телефон шуқлайды.

☺ «Жаным, ҳеш бир косметика сениң тәбийғый сулыўлығыңа жетпейди...» деп ҳаялын зорға алдастырып, Орифлейм дүканынан алып шықты.

☺ Ол 68 килограмм шықты. Ертеңине боянбай өлшенип еди, тәрези 64 килограммды көрсетти.





## ҲАЯЛДЫ ҲӘР НӘРСЕГЕ ТЕҢЕЎГЕ БОЛАДЫ. Мысалы:

☺ Ҳаял — бул художник, ҳәр күни азанда жүзине адамның сүўретин салады.

☺ Ҳаял еркектиң саясына уқсайды, қашсаң қутылмайсаң, қуўсаң жете алмайсаң.

☺ Ҳаяллар қытайша иероглифлерге уқсайды, көринип турады, бирақ, улыўма түсинбейсең.

☺ Ҳаял кишкене балаға уқсайды, урысып қалса, жылап анасына кетеди.

☺ Ҳаял директорға уқсайды, сыртта, есиктиң аўзында күттирип қояды.

☺ Ҳаял имтихан алатуғын муғаллимге уқсайды, сораўларының бәрине дурыс жуўап берсең де, әйтеўир бир қәте табады.

☺ Ҳаял сүйир шыбынға уқсайды, ҳәм қаныңды ишеди, ҳәм дызылдап, мийиңди жейди.

☺ Көп боянатуғын ҳаял дийўалға уқсайды, жыл өткен сайын сыбаўы қалыңласады.

☺ Ҳаял театрға уқсайды, бүгин комедия, ертең трагедия, арғы күни гастроль, төркинине кетип қалады.

☺ Ҳаял жыласа, қызарып турған көзден

ыссы, көгерип турған көзден муздай жас ағады екен.

☺ Ҳаял-қызларға ҳайрансаң, өзлери қасларын жулады, кейин қәлем менен және соғады.

☺ Ҳаяллар ақмақшылық ислемейди, оны еркеклерге ислетеди.

☺ Жақында түскен жас келин қәйнисиниң атын айта алмағаннан кейин отечествосы менен шақырады екен.

☺ Рәўиятларға қарағанда, Жаратыўшы дәслеп жерди жаратыпты, соң аз-маз дем алыпты, екинши болып еркекти жаратыпты, соң және аз-маз дем алыпты, үшинши ретте болса ҳаялды жаратыпты.., бирақ, соннан берли Жаратыўшы да, еркек те дем алыстың не екенин билмей киятыр.

☺ Ҳаял-қызлардың «ҳәзир 5 минуттан шығаман» дегени, еркеклердиң «ҳәзир 5 минуттан үйге бараман» дегени менен тең.

☺ 8-мартты еркеклер жүдә жақсы көреди, себеби, бул күни ҳаяллардың кейпияты жақсы болады.

☺ Биз Жаңа жыл байрамын 10 — 15 күн бурын баслаймыз, ал, 8-март тосаттан келип қалады, таярланып үлгере алмаймыз.

☺ 8-март байрамын гүл сататуғынлар ойлап тапқан болса керек.

☺ Ҳаял күйеўине айтты:

— Мен жәнe өкпеледим, не ушын екенин таба — ғой!

☺ Ҳаял күйеўине айтты:

— Биринщиден, мен тиймедим, екинщиден, орнына қойдым.

☺ Ҳаял-қызлардың түсиниги бойынша:

— ҳаял — бәрҳама ҳақ;

— кийим ҳеш қашан көплик етпейди;

— еркек бизлер ушын жаратылған;

— еркек ақша табыўшы, ал, ҳаял сарыпўшы;

— ҳаял — адамның досты, бул дурыс, себеби, ол — периште.





## ҲАЯЛ — БУЛ ТЕЛЕВИЗОР

☺ Бурынғы телевизорлар черно-белый еди, ҳәзиргилери бәри цветной.

☺ Бурынғы ҳаяллар боянбайтуғын еди. Ҳәзир бәри боянады. Көбисиниң бет-жүзи тегис ЛСД.

☺ Үйде азанлы-кеш телевизор тынбайды, ҳаял да тап сондай.

☺ Дүнья жаңалықларын биринши болып телевизордан ямаса ҳаялдан еситемиз.

☺ Ҳәзирги телевизорда реклама көбейди. Ҳазирғи ҳаяллар-әм көшеге шықса өзлерин реклама ете береди ямаса мода қуўып баслайды.

☺ Бурынғы ҳаяллар үйде отырып бала тәрбиясы менен шуғылланған, ал ҳәзир бала тәрбиясы менен телевизор шуғылланып атыр.

☺ Қудайға шүкир еле де бизлердиң каналларымыз жақсы нәрселер көрсетеди.

☺ Бурынғы телевизорлар томпақ болатуғын еди, ал ҳәзир бәри диетада, қыпша бел.

☺ Бурынғы телевизордың каналы жақпаса қулағынан услап бурасаң жақсы тәрепке өзгертетуғын еди. Ал, ҳәзир жақсы каналға өзгертиўиң ушын нәзик кнопкилерин басыўың керек.

☺ Бурынғы телевизор айып ашып басласа, бир шапалақ урсаң дүзелетуғын еди.

Ҳәзирги телевизорлар шапалақ көтере алмайды. Бир шапалаққа бузылып қалады. Айырым биреўлер телевизор кирттай бузылса болды, дәрриў апарып таслап таза телевизор сатып алады.

☺ Бурынлары ядыңызда ма телевизордың антеннасы басқа жаққа бурылып кетсе, үйдегилер бәри жыйналып аўызбиршилик пенен антенди дүзиўлейтуғын едик. Биреў жоқарыда антенниң қасында, биреўи төменде отырады, биреў телевизордың жанында турып екеўин бир-бирине туўрылап көрсетти ме, өтип кетти, изге қайтар деп антенди дүзиўлейтуғын едик.

☺ Бирақ ол антенди дүзиўлеў ушын бала көп болыўы керек-аў.

Ҳәзирги бир бала, еки бала антенна дүзейалмайды.

Және, ҳәзирги антенналар көбиси параболический бир қыялап аспанға қарап турып алады. Содан настройкисин ислетиўге мастер излеп жүргениң.

Илайым, антенналарыңыз дүзиў, ал телевизорлар тек жақсы нәрселерди көрсете бергей!



## ҮЙЛЕНИЎ АҢСАТ

***...ямаса шаңарақ ҳаққында ҳәзиллер***

☺ Бурынғы ертеклерде жигитлер ийбели қызларға үйлениў ушын әйдарҳаны жеңип қайтыўы керек болған, ал, ҳәзир ийбели қызларды таба алмағаны ушын илажсыз «әйдарҳа»ның өзине үйленеди.

☺ Ақмақлар үйленеди, ал, ақыллылар турмысқа шығады.

☺ Қызлар турмысқа шығып атырып «күйеўим өзгерер-аў» деп үмит етеди, бирақ, күйеўи өзгере коймайды. Ал, жигитлер үйленип атырып «келиншегим өзгермейди» деп үмит етеди, бирақ, бәри бир келиншеги өзгерип кетеди.

☺ Еркеклердиң көзқарасы бойынша — ҳаял еки адамның орнына сериал көреди, үш адамның орнына кийинеди, төрт адамның орнына сөйлейди, бес адамның орнына ақша саўады. Ал, ҳаяллардың көзқарасы бойынша — еркек төрт адамның орнына аўқат жейди, үш адамның орнына арақ ишеди, еки адамның орнына жумыс ислейди, бирақ, тек бир адамның орнына ақша табады.

☺ Шаңарақта тынышлық-татыўлық ҳүким сүриўи ушын муҳаббат, шыдамлылық ҳәм еки телевизор керек болады екен.

☺ Кимниң ҳаялы дурыслап аўқат писирип билмесе, демек сол үйдиң ийти тез семиреди.

☺ Оның бояныўына күйеўи жәрдем берип, көзлерин «көкке бояпты».

☺ Кеше жас жубайлар ажырасыпты. Себеби, ҳаялы писирип билмейтуғын аўқатты күйеўи жеп үйрене алмапты.

☺ Соңғы ўақытлары жас ата-аналардың қәтелигинен дым жап-жас ата-аналар пайда болмақта.

☺ Ҳаял еркектиң қабырғасынан жаратылған дейди, қабырғада мий бола ма?

☺ «Қаратаў» ишпесе басы аўыратуғын еркекке қарағанда, қара шай ишпесе басы аўыратуғын ҳаял көп.

☺ Үйленемен деп шешим қабыл етиў — еркектиң еркин түрде қабыл еткен ең соңғы шешими.

☺ Ҳаял — қулағы менен жақсы көреди. Егер тыңлата алсаң.

☺ Биринши рет ойланбастан үйленип салды, екинши рет ойланып, сынап болып

үйленди, үшинши рет әдет болып кеткенликтен және үйленди...

☺ Жеңгесиниң бийкешине мәсләҳәти: — Ал, аппақ қыз, есиңде болсын — күйеўиң менен урыссаң, дәрриў жылап басла, сонда жеңесең.

☺ Дүкандағы гүлдиң баҳасын билиў — бойдақлықтың белгиси, гешир-пыяздың баҳасын билиў — үйленгенниң белгиси.

☺ Кеше жумыста жүрсем телефонға қоңыраў келди, алғаннан шаўлап бақырып кетти: — Балларды бақшадан алдың ба? Базардан еки кило гөш алып кел! Кеште бизиң төркин келетуғынын умытпадың ба? Неге үндемейсең, Ахмет?! — дейди. Мен қуўанып кеттим, себеби, мениң атым Ахмет емес...

☺ Келиншек көйлек — бул одноразовый упаковка.

☺ Эҳ... Көзсиз муҳаббат адастырып ЗАГСке де киргизеди.

☺ Ажырасыўдың тийкарғы себеби — үйлениў.

☺ Кийимлериңди бийпул жуўдырыўдың ең қымбат усылы — үйлениў.

☺ Үйлениў аңсат, үй болыў да онша қыйын емес, қорықпаң, бойдақлар.

☺ Көпшилик жигитлер «дозақ»тың барына үйленгеннен соң исенеди.

☺ Кеш үйленгенниң ҳеш ертеси жоқ.

☺ Жигитлер, егер үйленсеңиз, енди қайтып үйленбейтуғындай етип үйлениң.

☺ Ишпейтуғын еркек болмайды, ишкизбейтуғын ҳаял болады.

☺ Ҳаяллар пикири: — Еркек — бул гилем, жақсылап төсеп алсаң, үстинде арқайын 30 — 40 жыл басқылап жүриўге болады, арасында шаңын қағып турсаң болды.

☺ Айырым жигитлер жақсы көрген қызына үйлениў ушын жораларынан айырылады.

☺ Ол жигит үйленемен дегенше тутлықпайтуғын еди.

☺ Үйлениў тойлары бир-бирине уқсап кетеди, ал, ҳәр бир ажырасыў өз алдына «қызық».

☺ Үйленбестен алдын көзиңди ашып қара, үйленгеннен соң болса жумып.

☺ Қәлеген ўақтында үйленеди, мүмкиншилиги болған ўақтында ажырасады.

☺ Үйленгенниң ең жақсы жери — үйге ўақтында келип, ата-анаң менен бирге аўқат жейтуғын боласаң.

☺ Үйлениў тойыңыздың бир өмир есте

қалыўын қәлесеңиз, тутлығып сөйлейтуғын тамада заказ етиң.

☺ Ол бахытлы болыўды қәлесе де, бәри бир үйлениўге мәжбүр еди.

☺ Өлтирсең өлтир, бәри бир үйленейин деп жүриппен.

☺ Сол, басқа жақтың қызы бахытлы болғаннан класстың-ақ қызы бахытлы болсын деп үйлендим Айгүлге.

☺ Қызлар ушын тойға таярлықтың ең қыйыны — күйеў таңлаў.

☺ Аға, апа! Мен сизлерди қатты жақсы көремен, сол ушын турмысқа шықпайман.

☺ Егер яқшы десең, мен сениң үйлениў тойыңа келиншек көйлек кийип бараман.

☺ Көп бойдақлар сулыў, жақсы минезли қызға үйлениўди әрман етеди. Үйленгенлер де...

☺ Күндиз урысып, түнде жарасыў — үйленгенлик белгиси.


Ooo... Акша, келеди

## ҚАРЕКЕҢ ЫРЫМ ЕТЕДИ, ЫРЫМЫ ҚЫРЫН КЕТЕДИ, ЕГЕР...

☺ Қасық түсип кетсе үйге қонақ келеди, егер ағаш қасық түсип кетсе, қолында ҳаса таяғы бар қонақ келеди.

☺ Егер пышықтың алдынан қара машина кесип өтсе, пышықтың жолы болмайды.

☺ Егер мурның қышыса, демек ертең азанда шөллеп оянасаң...

☺ Егер еркек «кийетуғын ҳеш нәрсе қалмады» десе, демек үйде кир жуўатуғын ўақыт болды. Егер ҳаял «кийетуғын ҳеш нәрсе жоқ» деп тоңқылдаса, демек таза мода шыққан.

☺ Егер күйеўиниң табысы дым аз болса, ҳаялының көйлеги көө-өп ўақытқа шекем тозбайды.

☺ Егер ҳаялдың еки көзи көгерип жүрсе, демек ол бир айтқаннан түсинбеген.

☺ Егер ерли-зайыплы күлип, сыйласықлы болып отырған болса, демек үйде қонақ бар.

☺ Егер қайызғақ қыймылдап жүрип басласа, демек ол қайызғақ емес.

☺ Егер қарызға зат ала беретуғынлардың бети қалың болса, демек қарыз дәптердиң де бети қалың болады.

☺ Егер әкесиниң руўы қайшылы, анасы тарақлы болса, баласы шаштәрез болады.

☺ Егер еркек шеге қағып атырып шөккишти қолына урып алған ўақытта сөгинбесе, демек оның еркек екенине гүман бар.

☺ Егер пышық мәс болып қалса, демек қонақлардың бири арақты столдың астындағы кесеге қуйып отырған.

☺ Егер кирпитикенниң көкирегинде де тикени болса, демек ол еркек кирпитикен.

☺ Егер түсиңниң ең қызық жерине келгенде оянып кеткен болсаң, демек ол сериал түс ертең даўам етеди.

☺ Егер бир танысың сени себепсиз, қурыдан-қуры мақтап басласа, демек оның саған бир жумысы түсейин деп тур.

☺ Егер ағайин ҳәм досларың саған көп ўақыттан берли қоңыраў етпесе, хабарласпаса, демек олардың жумыслары жақсы кетип атыр.


ЕРКЕК

## ЖИГИТ, ҚЫЗ, МУҲАББАТ

☺ Бир көргеннен сүйип қалсаң, ўақыт үнемленеди.

☺ Донжуан жигитлердиң гәпи: «Жақсы қыз, сизди кешки аўқатқа ҳәм бирден азанғы шайға мирәт етсем бола ма?»

☺ Жигитлер, ойлансаңыз пикир туўылады, ойланбасаң, бала!

☺ Ақыллылар ойланаман дегенше, ақмақлар көбеймекте.

☺ Қызлар екиге бөлинеди:

1) ақыллы қызлар;

2) сулыў қызлар.

Егер ҳәм ақыллы емес, ҳәм сулыў емес болса, демек ол — жигит.

☺ Жигитлер үшке бөлинеди:

1) сөзинде тура алмайтуғынлар;

2) аяғында тура алмайтуғынлар;

3) азанда ерте тура алмайтуғын жигитлер.

☺ Ҳүрметли қызлар, өзиңизге (фигураңызға) қарап жүриң! Жигитлер де қарап жүреди.

☺ Жигит пенен ушырасқанда қыз төмен қараса, демек, ол жигитти унатып қалған, егер жигит төменге қараса, демек қыз келте юбка кийип жүр.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНЕН КЕЛИП ШЫҚҚАН ЗАМАНАГӨЙ ТЕРМИНЛЕР

☺☺☺

**Автор** — алып тур, ҳәр жақтан алып турады;

**Армани** — әрманы жоқлар кийетуғын кийим;

**Алкаш** — алып қаш, олардан өзиңди алып қаш;

**Билет** — биледи, пулы төленгенин биледи;

**Бизнес** — бизден неси кетипти шуғыллланып көрейик;

**Вирус** — Бий урыс, урыссыз бағындырыў;

**Грипп** — гириптар болған;

**Директор** — дерек дур, кимге дерек;

**Караоке** — қарап оқы;

**Кассир** — қасында жүреди, бирақ, сыры көп;

**Кризис** — кириссиз, ақша кирмейтуғын;

**Кредит** — киреди ийт;

**Минерал суў** — мийге реал баратуғын суў;

**Менеджер** — мине жер;

**Мероприятие** — қарақалпақ тилиндеги «мереке» деген сөзден алынған;

**Онлайн** — «он проценттен қылайын» дегенди билдиреди екен;

**Очеред** — өширет, кетип қалсаң атыңды өширеди;

**Планшет** — шеттеги план;

**Сенсор** — сен ысыр;

**Салат** — салады, тапқанының бәрин бир ыдысқа салады;

**Салфетка** — сал бетке;

**Танец** — «таныс» деген сөзден келип шыққан;

**Уэлком** — ўәлейким;

**Шифер** — ший пир, қараүйлерге тутатуғын шийдиң пири;

**Электрик** — елек тири, електен өтсең тири қаласаң;

**Флешка** — пил ҳәм ешки, пилдей мағлыўматты ешкиниң басына жайғастырыў;

**Ярмарка** — сүйген ярыңның маркасы.

## Қарақалпақ тилиниң күлкиологиялық сөзлиги

☺☺☺

Алдаў — ал, даў басланды;

Баслық — басы лыққа толып жүретуғын адам;

Устаз — шәкирт ислегенде бир шетин усласатуғын адам;

Берекет — бере сала кет;

Бийтәреп — бийдиң тәрепиндеги адам;

Қытай — қыт ай, яғный, ҳәмме заттың қыт айы — декабрь;

Сандық — санап бол да тық;

Алтын — алып тын;

Гүмис — гүм болып исле;

Стоматолог — ҳәркимниң аўзына үңилип отыратугын адам;

Кардиограмма — шын жүректен жазылған хат;

Килограмм — 800 граммға тең болған салмақ;

Соска — бала жыламаўы ушын аўызбастырық;

Дос — сатып ала алмайсаң, бирақ, сатып кетиўге болатуғын адам;

Душпан — табысыңды биринши болып көретуғын ҳәм «көре алмайтуғын» адам;

Ертең — ең қолайлы ўақыт;

Ҳүждан — арқайын жасаўға кесент етиўши сезим.

## КОРРЕКТОР АЛЖАСҚАНДА:

Салық инфекциясы;
Ишкишлер министрлиги;
Денсаўлықты тақлаў министрлиги;
Кемлеўхана;
Уў хожалығы министрлиги;
Халық күлимлендириў министрлиги;
Балалар ақшасы;
Спирт комитети;
Қаспа сөз бөлими;
Пақыр-пуқаралар жыйыны;
Мәкан пуқаралар тыйыны.




40°
РАКА

## ЕГЕР АРАҚ БОЛМАСА:

— орысшаны тек билетуғын адамлар сөйлер еди;

— тойлар ўақтында тарқайды, үйге ўақтында қайтасаң;

— дузланған қыяр өтпей қалады;

— ҳәммеси ядыңда, аўқатлар «зая болып» кетпейди;

— тосаттан үйлениў деген болмайды;

— милициялар айтпаса да кафелер ўақтында жабады;

— ҳеш ким азанда шөллеп оянбайды;

— тек көзи әззилер булдырап көреди;

— ҳәмме қызлар сулыў болып көрине бер-мейди;

— туфли шешилмей уйқыламайсаң;

— биймезгил қоңыраў болмайды;

— ертеңине уялмайсаң;

— «Айдынлар» деген қосығымыз умыт болады;

— қараптан-қарап ҳеш ким төбелеспейди;

— «любойыңа тураман» деп тек спорт-шылар айтады;

— еркек пенен еркек сүйиспейди.

☺☺☺

— Ҳәр күни аўқаттан алдын 50 грамм коняк ишиў пайдалы, бирақ, аз!

— Нормасы менен ишсең, зыяны жоқ, қанша ишсең де...

☺☺☺

— Еки шийше арақ дастурқанды толтырып ғана қоймастан, кемшиликлерди де билиндирмей жибереди.

☺☺☺

— Бүгин азанда айнадан бир түрли адамды көрсетти..., кеше ишкендики ме?!

☺☺☺

— Биз ишиўге ҳәм шегиўге— ЯҚ... ақша жоқ! — деймиз.

☺☺☺

— Миймanды қанша аўқатландыра бер, бәри бир ишкизбесең болмайды.

☺☺☺

— Ашшы арақ ишкен адам ашшы ҳақыйқатлықты айтады.

☺☺☺

— Мәскүнемлердиң көпшилиги аз ишеди, себеби, оларға бәрҳа аз болып қала береди-дә.

☺☺☺

— Рульде отырып ишпе, төгип зая етиўиң мүмкин.

☺☺☺

— Бес адамға бир шийше аз. Үшеў ара бир шийше арақ норма, екеў ара бир шийше көп, бир адамға бир шийше аз болып баслайды.

☺☺☺

— Мен көк шайды жақсы көремен, жорам қара шайды жақсы көреди, екеўимизге орталық болыўы ушын бизлер бирге отырсақ, ақ шай ишемиз.

☺☺☺

— Қәлесем ишемен, қәлемесем— (ақша таўсылса) ишпеймен.

☺☺☺

— Латын графикасында оқып билмеймен деп атырған киси Қаратаў деген жазыўды ҳәммеден тез оқыды.

☺☺☺

— Шермәмбет сыйқырлы жинге усайды, оған бир шийшениң аўзын ашып берсең болды, қәлеген тилегиңди орынлайды.

☺☺☺

— Абырай төгилсе де, арақ төгилмесин!

☺☺☺

— Арақ ишиўди қоя алмай жүрген жигит, зыяпаттың соңында арақ ишпейтуғынлардың кесесинен сарқыт ишеди екен.

☺☺☺

— Бизиң елдиң жигитлери 40 градус ыссылыққа шекем арқайын шыдайды, себеби, «Қаратаў» 40 градус.

☺☺☺

— Егер ишиўге себеп жоқ болса, бул ишпеўге себеп емес.

☺☺☺

— Бүгин азаннан баслап арақты қойдым, бирақ, кеште билдим, еле қоймаған екенмен.

☺☺☺

— Жетинши рюмкадан соң айтылған гәплер «төгилип, зая болып» баслайды.

☺☺☺

— Кеше зыяпатта араққа қарсы урыс жәрияладық! Арақ жеңип шықты.

☺☺☺

— Мәс болып баслаған адамның айтыўы қыйын сөзлер:

— кеширм, мен қәтелесиппен, сеники дурыс;

— мен қайтаман, ертең жумыс, азанда ерте турыўым керек;

— болды, буннан артығын көтере алмайман, ишпеймен.

☺☺☺

— Нан сатып алыў ушын бир километр үриў узақ, ал, пиво алып келиў ушын ки километр — мынаў турған жер.

☺☺☺

— Ол арақты қойған, бирақ, кесеси кеп-еген.

☺☺☺

— Биреўлер «арақ ишсем де ақылымды шпеймен» дейди. Себеби, ақылын әлле ашан ишип болған.

☺☺☺

— Жоне 200 грамм инвестиция қуйсаң, ен көшпес мүликке айланаман.

☺☺☺

— Арақты аз-аздан ишсең, қанша ишсең е зыяны жоқ.

☺☺☺

— Бурынлары адамлар көп кофе ишке
сол ўақытлары футболда Бразилия утатуғы
еди. Енди пиво көплеп ишилип, Герман
күшейди.

☺☺☺

— Жылтыраганның бәри алтын еме
сары болып көпиргенниң бәри пиво емес

## СОРАЎЫНА ҚАРАЙ ЖУЎАБЫ
### *ямаса заманагөй анекдотлар*

☺☺☺

Маршрут-дамаста:

— Төрлең, жаслар!

— Егер қонақ жайда болғанда, төрд
бермес едиңиз-я?

☺☺☺

Маршрут-дамаста:

— Өте бериң, мен жолда түсемен!

— Тап мен бир, шопырдың үйине шеке
баражақ шығарман, аўа...

☺☺☺

— Не, өкпең бар ма?

— Аўа, егер өкпем болмаса қалай дем аламан?

☺☺☺

— Жигитлер, бүгиннен баслап бир-биримизге тек ҳақыйқатты айтамыз.

— Олай болса, сен ақмақ, ҳо-ў анабир сүмелек жигит пенен суў алып қайт!

☺☺☺

— Еки помидор музлатқыштың ишинде турған екен. Биринши помидор: — Ишшша-а-а, суўық, — депти, сонда екинши помидор: — Ўай-ўай, сөйлейтуғын помидор!!! — деп қорқып қашып кетипти...

☺☺☺

— Жаңа жыл кешесинде Аяз ата кийимин кийип көшеге шықтым, бир балаға «сотка» бердим.

— Қандай тақмақ айтты, саўғаға телефон бергендей?

— Тақмақ емес, пышақ көрсетти.

☺☺☺

— Не ушын қызлар ҳәзилкеш, шоқ жигитлерди жақсы көреди?

— Себеби, машыны бар жигитлер ҳәмме қызларға да жетисе бермейди.

☺☺☺

Ерли-зайыплы базарлап жүрсе олардың қасына сақал-мурты өскен, усти-басы кир-кир, жупыны кийинген бир тиленши келип қалыпты. Күйеўи қалтасынан 500 сўм шығарып, тиленшиден сорапты:

— Ишесең бе?

— Яқ, депти диййўана.

— Шегесең бе?

— Яқ.

— Қызлар менен сөйлесесең бе?

Тиленши және «яқ» деп жуўап берипти. Сонда күйеўи ҳаялына қарап: — Әне, көрдиң бе? Еркек адам ишпесе, қызлар менен жүрмесе қандай аўҳалға түсип қалады?

☺☺☺

— Баслық өзгерип, мәкемемиз раўажланып кетти, хабарың жоқ па?

— Баслық өзгергенинен хабарым бар, бирақ, мәкемениң өзгергенин еле көрмедим.

☺☺☺

— Ақырғы рет сорап атырман. Қарызыңды қашан бересең?

— Оҳ, қандай жақсы, ендигиден былай бул сораўды бермейсең-я?

☺☺☺

— Еки күн бурын сизден кресло сатып алып едим, сынып қалды-ғо...

— Ҳа-аў, сыныўы мүмкин емес, үстине биреў отырған шығар, қурыдан-қуры сынбайды-ғо...

☺☺☺

Мәс адам такси тоқтатты:

— Жора, боссаң ба?

— Аўа.

— Онда келсе, сөйлеси-й-ип отырайық.

☺☺☺

— Неге сен өзиң менен өзиң сөйлесе бересең?

— Ақыллы адам менен сөйлескенди жақсы көремен-дә.

☺☺☺

— Жумысымыздағы бөлим баслық қайтыс болып еди, соның орнын ийелесем бе екен?

— Қәйдем, әўлийедеги шыйықшы не дер екен?

☺☺☺

Аўылдың қызы:

— Мен усы қалада жасап қалғым келеди.

— Әй, сен қалада қалмай-ақ ғой, буяқта абырайды төгесең, қайт аўылға!

— Оған аўылда не бар? Аўылда да абырайды төгеди-ғо, қала берсин усыяқта.

☺☺☺

— Апа, маған неге ҳәр күни азанда Менделеевтиң таблицасын жегизесиз?

— Себеби, Менделеевтиң таблицасында калций, йод ҳәм басқа да керекли элементлер бар...

☺☺☺

— Отарбай аға, сыйырларыңыз сигарет шегеме?

— Яқ.

— Онда мал қораң өртенип атыр...

☺☺☺

— Алло?

— Да, да!

— Ало, Айзада сен бе?

— Яқ, мен Айзаданың келте юбка кийип жүретуғын, узын шашлы, оқыў питкерген, сулыў әжапасы Гүлзадаман. Айзада жоқ еди.

☺☺☺

Автобустағы ўақыя.

— Ким ақшасын жойтты? Ким бир пачка мыңлық жойтты?

— Мен... мен жойттым!

— Жойтқан болсаң излесеш, тура бермей!

☺☺☺

Автобуста тик турған ғарры орынлықта отырған жас балаға қарап:

— Аяғым қақсайды, белим аўырады, қан басымым жоқары, мен сендей жас гезимде үлкенлерге орын беретуғын едим, — депти.

Бала:

— Әне... ата, егер сизге орын берсем, мен де үлкейгенде сиздей кесел боламан.

☺☺☺

ГАЙ инспекторы машина айдаўшысына:

— Машина айдаўды жақсы көресиз бе?

— Аўа.

— Онда неге үйренип алмайсыз...?

☺☺☺

Ойыншықлар дүканында:

— Мынаў, ойыншық ақша-ғо!

— Сениң сатып турғаның да ырас машын шығар, сирә!

☺☺☺

— Абайла, тормозды бас!

Аман қалған киси ҳайран:

— Сен кимсең?

— Мен сени қорғайтуғын, дурыс жолға салатуғын периштеңмен.

— Мени қорғайтуғын болсаң, мен үйленген ўақытта қайда едиң?

☺☺☺

Аңшыдан сорапты:

— Неге гөзлеген ўақтында бир көзиңди қысасаң?

— Еки көзимди қыссам көринбей қалады-дә.

☺☺☺

— Және иштиң бе? Сен маған, енди басқа адам боламан деп ўәде берип едиң-ғо?

— Басқа адам болдым, бирақ ол да ишеди екен-дә!

☺☺☺

— Егер арақ ишсем, ҳаялым мениң менен үш күнге шекем сөйлеспейди.

— Онда улыўма ишпейтуғын болдың ба?

— Яқ, үш күннен бир ишип тураман.

☺☺☺

— Көп қабатлы жайда турғанның бир унамайтуғын жери — не сөйлеп атырғаның қонсыларыңа еситилип турады екен.

— Дийўалға гилем қақсеш!

— Өйтсем, олардың не сөйлеп атырғаны еситилмей қалады-дә...

☺☺☺

— Не ушын баланы урып атырсаң?

— Ол маған «домалақ, семизсең» деди.

— Урған менен арық болмайсаң-ғо, бәри бир.

☺☺☺

— Қәне, ақшаңды шығар, болмаса таяқ жейсең!

— Мен үйге ақша апармасам ҳаялым үйге киргизбейди.

— Шығар деймен, ақшаңды! Ақша апармасам мени де ҳаялым үйге киргизбейди.

☺☺☺

— Өтиниш, жигитлер, ақшамды қайтып бериң! Карта ойнағанымды билсе ҳаялым мени үйге киргизбейди.

Жоралары ақшасын қайтып берипти.

— Енди он мың сўм бериң, «уттым» деп мақтанып барайын!

☺☺☺

— Лоторея ойнаң, машын утасыз!

— Мен машын айдап билмеймен.

— Ала бериң, тап бир машын шығайын деп атыр ма?

☺☺☺

— Банкротқа ушыраған соң досларының ярымы онын менен қатнасықты қойып кетипти.

— Қалған ярымы-ше?

— Қалған ярымы, банкрот болғанын еле билмейди.

☺☺☺

Ери ҳаялына:

— Неге аўқатыңның гөши дурыслап писпеген?

— Мен рецепт бойынша иследим, китапта «бир килограмм гөшти бир саат қайнатың» деп жазыпты. Мен ярым кило гөшти ярым саат қайнаттым.

☺☺☺

Бир келиншек торт писиретуғын цехқа барып:

— Маған шетлери күйген, сулыў емес тортыңыздан бересиз бе? — депти.

— Оны не қыласыз?

— Өзим писирдим, деп күйеўиме мақтанайын.

☺☺☺

— Лотореядан байыўға бола ма?

— Аўа болады, егер сатыў менен шуғыллансаң.

☺☺☺

— Бети қалың дәптер бар ма?

— Яқ, бети қалың адам бар.

☺☺☺

— Қоңсы Ылақбай ағаны «Нексия» қағып кетипти!

— Не-ее-е дейсеее-ең?

— Алдадым, бүгин 1-апрель, «Нексия» емес, «Ласетти» дүгипти.

☺☺☺

— Кеше мен тойғанымша төрт музқаймақ жедим.

— Ал, мен бир музқаймақ жеп-ақ тойдым.

— Қалайынша?

— Нан менен жедим.

☺☺☺

— Мениң 7-класс балама болғандай кроссовка бар ма?

— 7-класс болғанда қандай?

— 7-б класс.

☺☺☺

— Алло? Пожарный ма?

— Аўа, өрт өшириў бөлими.

— Мениң қоңсым машын алып еди, «ишим жанып атыр»...

☺☺☺

— Ағасы, мени бүгин бир жерге апарасыз ба?

— Аўа, боян орыўға апараман.

☺☺☺

— Ағасы, маған бир нәрсе айтқың келип турып па?

— Яқ, урғым келип турыпты.

☺☺☺

Еркек ҳаялынан сорады:

— Жаратыўшы адамзатты жаратқанда, не ушын сизлерге шырайды көбирек берген?

— Сизлердиң бизлерди жақсы көриўиңиз ушын.

— Онда неге сизлерге ақылды азырақ берген?

— Бизлердиң сизлерди жақсы көриўимиз ушын.

☺☺☺

Жигит ҳәм қыз айлы түнде ушырасыўда:

— Жаным Мырзахмет, неге ашыўланасаң?

— Себеби, мен Хожабайман...

☺☺☺

— Доктор, мениң бала туўғым келеди, ал, күйеўим қәлемейди.

— Қәлемесе, өзиң туўа бер, ал, күйеўиң туўмай-ақ қойсын!

☺☺☺

— Ағасы, дүканнан нан алып кел!

— Бундай жамғырда көшеде ийт ҳәм жүрмейди.

— Онда ийтти таслап, өзиң барып кел!

☺☺☺

— Алкоголь мий клеткаларын өлтиреди дейди, сол ырас па?

— Аўа, ишиўге қарсы болған клеткаларды өлтиреди.

☺☺☺

— Сен маған өзиңниң ким екениңди айт, мен саған достыңның ким екенин айтаман.

— Мен миллионермен.

— Онда мен сениң достыңман.

☺☺☺

— «Турмысқа шығасаң ба?» — деп сорап атыр.

— О-ҳо, ким?

— Ата-анам. «Жүре бермей турмысқа шық!» — деп атыр.

☺☺☺

— Нешинши маршрутты күтип турсаң?
— 1. Сен не?
— 9.
— Ӯ-оо...! 19 киятыр, бирге кетемиз.

☺☺☺

Дүканда.
— Кеширерсиз, сиз маған қайтымын бермедиңиз?
— Қысынбай-ақ қойың, кеширемиз!

☺☺☺

— Әйтеӯир нәрсеге де ашыӯланатуғын болып кеттим.
— Не ушын?
— Ашыӯымды келтирмең...!

☺☺☺

— Ҳаялыңның несин жақсы көресең?
— Күйеӯин. Жақсы жигит.

☺☺☺

— Не ушын иштиң?
— Қәйдем, умыттым.
— Әне-е, сен умытыў ушын ишкенсең!

☺☺☺

— Не ислеп атырсаң?
— Ҳеш нәрсе, жумыстаман.

☺☺☺

Қармақ қурып отырған жигиттен бир киси сорады:
— Бүгин суў қалай?
— Жақсы қусайды, бир балық та суўдан шыққысы келмей атыр.

☺☺☺

XIX әсир. Гештек.
— Жүзиңизде қалыңыз, Ләбиңизде палыңыз,
Бир кесе шай усындым, Ийилип келиң алыңыз!
XXI әсир. Зыяпат.
— Тост ийеси менен, қәне жақсы қыз, алып жибериң, мине закуска!

☺☺☺

— Ташкентте қыдырып жүрип, әпиўайы нәрсени билмей қалыппан. Уялғанымнан жер ашылмады мен кирмедим, метро жабық екен.

☺☺☺

— Гөш жемейтуғынларды вегетариан дей ме?

— Яқ, студент дейди.

☺☺☺

— Неге қобызды аўзыңа басып атырсаң?

— Мен буны шынқобыз деп ойлап қалдым!

☺☺☺

— Ҳәзирги жаслар дым қопал кийинеди, мәселен, мына жигит...

— Кеширерсиз, аўзыңызға қарап сөйлең! Ол — мениң қызым...

— Ҳә солай ма, онда не ушын қызыңызға дурыслап кийинип жүр деп айтпайсыз, әкеси бола турып...

— Мен оның әкеси емес, анасыман...

☺☺☺

— Мен азанда дүкан аштым...

— Оҳо-о-о, исбилермен болдың ба?

— Яқ, қараўылман, азанда ашаман, кеште жаўып, илип қояман.

☺☺☺

— Өлшендиң бе, неше килограмм шыққтың?

— 85 килограмм.

— Ап-арық бола турып 85 килограмм ба?

— Аўа, бирақ, мениң өзим арық болғаным менен минезим аўыр.

☺☺☺

— Ҳе, жора, неге кейпиятың жоқ?

— Сөйлесип жүрген қызым ертең турмысқа шығажақ...

— Кимге?

— Маған...

— Қайта жақсы емес пе?

— Неси жақсы? Ол мединститутта 1-курста контрактта оқыйды.

☺☺☺

— Аўқатты столдың үстине қойдым.

— Тарелкаға қойыўың керек еди...

☺☺☺

— Қызым, ол жигитке турмысқа шықпа, минези дым жаман.

— Ҳаў апа, қайғырмай-ақ қойың, тез арада қайтып келемен.

☺☺☺

— Жаным, егер мени және бир сүйсең сеники боламан...

— Рахмет, ескерткениң ушын, енди сүймеймен.

☺☺☺

— Бул кешеги сорпа ма?

— Аўа, ертеңги сорпа да усы...

☺☺☺

— Қарақалпақ футболын қолға алыў керек!

— Болмайды, футболда қолға алсаң рука, штрафной.

☺☺☺

Класс. Муғаллим оқыўшыларға бақырмақта:

— Оқыўшылар! Сабақ ўақтында телефонларды өширип қойың, телефоннан пайдаланбаң! Азанлы-кеш телефон шуқласаңыз, ертең оқыўға қалай киресиз, тест сораўларын қалай шешесиз?

— Телефон арқалы...

☺☺☺

— Мәлийкам, маған турмысқа шығың!

— Ей, дийқан жигит, бул сөзди маған өз шахзадам айтыўы керек.

Шахзада келеди.

— Мәлийкам, өтиниш, мына дийқан жигитке турмысқа шығың!

☺☺☺

— Аға, танысың, бул мениң жақсы көрип, сөйлесип жүрген қызым Гуля.

— Жақсы, ал, сен өзиң кимсең?

— Ҳаў аға, балаңызбан-ғо, танымадыңыз ба?

— Таныў ушын еки-үш күннен үйге келип турыў керек.

☺☺☺

— Сен көзәйнек тақпасаң сулыў болып көринесең!

— Тақпасам? Тақпасам сен де сулыў көринесең.

☺☺☺

— Бурынғы заманда адамлар телевизор, компьютер, сотовый телефонсыз қалай жасаған екен-әй?

— Әнеке-е-е-ей, сол ушын да олардың бәри өлип кеткен...

☺☺☺

— Айлыққа шекем жүз мың сўм берип турасаң ба?

— Сен жумыс ислемейсең-ғо.

— Сен өзиң ислейсең-ғо...

☺☺☺

«Нөкис-Шымбай» жөнелисиндеги таксиге жол ҳақы бес мың сўм екен. Бир ағай минип атырып:

— Төрт мыңға апарасаң ба, бала? — депти.

— Болады аға, бирақ, үндемей отырасыз.

Такси толған соң жолға шығыпты. Жолда баратырып машинның ишинде әңгиме-дүкан қызып атырған қусайды, ағай шыдамай:

— Ҳа бала, бағанағыға және мың сўм қосаман, 4000 менен сөйлемей отырғанша, 5000 сўм берип сөйлеп отырайын,—деген екен.

☺☺☺

— Неге оны қапа еттиң?

— «Ҳей ақмақ» деп едим, соған қапа болды.

— Ўәй-й, соған да қапа болдың ба, ақмақ?

☺☺☺

— Жаным, саған аспандағы айды, жулдызларды сауға етемен...

— Ҳе, ақшаң жоқ па?

☺☺☺

— Неге үйленбейсең?

— Тәўир қыз жоқ.

— Неге турмысқа шықпайсаң?

— Дурыслы жигит жоқ.

— Қызық, сонда кимлер турмыс қурып атыр?

☺☺☺

— Күйеўиң қалай?

— Доктор, мен еле турмысқа шықпадым.

— А-аа... демек, күйеўиң еле бойдақ.

☺☺☺

— Бизиң фирма кассир излеп атыр, бизге кассир керек.

— Өткен ҳәптеде кассир алып едиңиз-ғо?

— Сол кассирди излеп атырмыз-ғо, енди...

☺☺☺

— Маған үйленейин деп жүрген жигитим менен 20-август күни араны ашық қылдым.

— Ҳе, неге?

— Тесттиң нәтийжеси шығып еди, контракт болып қалдым.

☺☺☺

— Мени жигитим қолларына көтерип жүреди.

— Ал, мен арақ ишпей, өзим жүремен.

☺☺☺

— Ақмақларды қалай қызықтырыўға болады, билесең бе?

— Яқ, қәйтип?

— Ертең ылай көмекке ерте кел, айтып беремен.

☺☺☺

— Сен ақмақ, мына қақбасты ҳаяллыққа алыўға ыразымысаң?

— Ыразыман.

— Айттым-ғо, ақмақ деп...

☺☺☺

— Жаңа арақ таўып алдым, қайсы қолымда? Тапсаң ишемиз, таппасаң сындырамыз?

— Оң қолында.

— Ойла-а-а-ан жора, ойл-а-а-а-н...

☺☺☺

— Еле есимде, ҳаялым менен кафеде отырғанымыз.

— Романтичный болды ма?

— Яқ, қолайсыз болды-дә, мен оны үйде бала бағып қалды деп ойлап едим.

☺☺☺

— Қарындас, сиз гөззаллық салонынан киятырсыз ба?

— Аўа.

— Жабық екени көринип турыпты.

☺☺☺

Судья:

— Кимде ким «судя наҳақ» деп қышқырса, залдан шығарып жиберемен.

— Судья наҳа-ақ!

— Айыпланыўшы, бул сизге тийисли емес.

☺☺☺

— Жаным, сен маған үйленесең бе?

— Кейнинен, арқайын қоңыраў етермен...

☺☺☺

— Әребекти не ушын тағатуғын болған?

— Күйеўи ҳаялының мурнынан аңсат ғана сүйреп жүриўи ушын. Себеби, ол миллийлик тымсалы.

— Онда бүгиннен баслап миллийлигимизди ҳаялыма үйретип баслайман.

☺☺☺

— Бирге түсленсек бола ма?

— Әлбетте.

— Олай болса саат бирде сениң үйиңде көрисемиз...

☺☺☺

— Сенде сегиз алма бар еди, оның ярымын үкеңе бердиң, сенде неше алма қалды?

— Жети ярым.

☺☺☺

— Жәбирлениўши, сизиң машинаңызды урлап кеткен анық усы адам ба?

— Кеширерсиз, оның адвокатының сөзлеринен соң мен бурын машинам бар екенине өзим де исенбей қалдым.

☺☺☺

— Доктор, мениң бира-а-а-аз жерим аўырады.

— Онда саған бира-а-а-аз дәри жазып беремиз.

☺☺☺

— Маған өзиңиз ҳаққында айтып бериң?

— Мен ериншекпен, ҳәм шегемен. Изин айтыўға еринип турыппан, шегип қайтайын...

☺☺☺

— Бизлер бир-биримизге ылайық емеспиз.

— Сен ҳәм өзиңди маған ылайық емес деп мойынлайсаң ба?

☺☺☺

Автобустың иши. Тығылыста бир қыз

скрипка әсбабын ҳеш жерге жайғастыра алмай қысынып атыр.

— Әне қарындас, скрипканың орнына шыңқобыз шертип үйрениўиң керек еди, ҳәм миллий...

☺☺☺

— Ҳаў мийман, аўқаттан қысынбай ала бериң, бәри бир ийтке беремиз!

☺☺☺

Баслықтың гәпи:

— Емлеўханада да арқайын аўыра алмайсаң. Изиңнен кеўил сорап келе береди.

☺☺☺

— Командир әскерлерге буйрық берип атыр:

— Сизлер мына жерди қазып турың, мен оған шекем қайсы жерди қазыў керек екенин анықлап қайтаман.

☺☺☺

Еріншек студенттиң гәпи:

— Ҳеш бир шет тили мени ийелей алмайды.

☺☺☺

Лётчик жәрдемшисине айтыпты:

— Парашютшыларға айт, секирмей турсын, самолёт еле ушпады, жерде турыппыз.

☺☺☺

Официант клиентке келип, былай деди:

— Мен бас аспаздан сорап анықладым, ырасында да сизиң айтқаныңыз дурыс екен. Сизге сорпаның орнына жуўынды алып келиппиз.

☺☺☺

— Тек «Б» ҳәрибинен басланатуғын күнлери ишемен. Биринши күни, бесинши күни ҳәм ... бүгин!

☺☺☺

Реклама! Бизиң қәўендеримиз қатық ҳәм қыяр. «Қатық ҳәм қыяр», №1 косметика.

☺☺☺

Студент ҳәм стипендия сөйлесип атыр:

— Жүр, бир жерге барып, ишип, қыдырамыз!

— Яқ, «стипендия», сен еле кишкенесең үлкейип айлық бола бер.

☺☺☺

Бойдақ жигит ҳәм шулықлары сөйлесип атыр:

— Ҳүрметли шулықлар, шаўқымды тоқтатың, бүгин қонаққа тек ең таза шулық барады.

☺☺☺

Үйлениў тойында гүўа жигит сөз сөйлеп атыр:

— Тилекке қарсы, мен келинди жақсы танымайман, сол ушын күйеў баланы қутлықлай алмайман. Бирақ, мен күйеў баланы жақсы танийман, сол ушын келиншекти де қутлықламайман.

☺☺☺

— Сеннен қалай өш алыўды билемен, саған турмысқа шығаман.

☺☺☺

— Кеше түнде уйқыға жатпастан алдын аспанға, жулдызларға қарап, ойға талдым... Еле жайдың төбесин бастырыў керек...

☺☺☺

.Орысша билмейтуғын қыз достына мақтанып атыр:

— Кеше жигитим менен «Мы открылись» деген кафеге бардық.

☺☺☺

— Есикти сегиз рет қақты... Сеғиз аяқ па екен?

☺☺☺

Жалқаў — өз үйине қонақ, ҳәтте, биреўдиң үйине барыўға да еринеди.

☺☺☺

15-август.

— Апа, оқыў қашан басланады? Қашан мектепке барамыз?

3-сентябр. Азанғы саат 7.

— Апа, ендиги каникул қашан басланады?

☺☺☺

— Шоқ жигит, қапа болмаң! Мениң жүрегим бос емес. Ол ҳәзир организмдеги қанды айландырыў менен бәнт.

☺☺☺

Ата-анасы 3-класс баласына: Сабақларыңды таярладың ба?

6 класс баласына: — Папкаңа китапларыңды салдың ба?

9 класс баласына: — Мектепке барып атырсаң ба, өзи...?

☺☺☺

Колобок:

— Кеше ишип едим, пүткил денем аўырып тур.

☺☺☺

— Ери ҳаялына:

— Ырасын айт, 15 минуттан таяр болыўың ушын саған қанша ўақыт керек?

☺☺☺

Көп перзентли шаңарақта: — Тез уйқыла, көпшик керек.

☺☺☺

☺ — Өзиң бил, мен... қайтып келмеймен, себеби, ҳеш жаққа кетпеймен.

☺☺☺

Ҳәзирги жаслар «уяда не көрсе» емес, уялы телефонда не көрсе — соны ислеп атыр.

Әлбетте, заман тез пәт пенен раўажланып бармақта — ҳәр үйде бир компютер, үш-төрт телефон, еки телевизор ҳәр биринде 30—40 каналы бар, сөйте тура балаларымыз китап оқымайды, — деп налыймыз.

☺☺☺

Ой балалығымыз қандай өтип еди. Телефон, компьютер жоқ. Жалғыз бир телевизор ол да тек үш каналды зорға көрсетеди. Мәжбүрий китап оқыған екенбиз-аў.

Алдын ғарбыз саўдасы менен шуғылланған репетитор, абитуриентлердиң тестке таяр-таяр емеслигин шертип көрип анықлайды екен.

☺☺☺

Жаңа түскен келиншекке қәйин атасы ғамхор болады, оны түсинеди ҳәм аяйды. Себеби, олар екеўи де, үйдеги бир адамнан жәбир көреди.

☺☺☺

Ҳаялы күйеўине шәрт қойды. Таза пальто әпересең, ямаса таза бриллиант әпересең! Жигит асықпай есап-китап қылып, бир шешимге келди. ТАЗА ҲАЯЛ!

☺☺☺

Еки рет қатарына наркоман адамды шағып алған сүйир шыбын, басқа адамларды шақ-

қысы келмей, ертеңине және сол адамды излеп кетипти.

Мениң келешегим — мениң келиншегиме байланыслы.

Енди билдим! Барлық ҳаяллар, тек бир нәрсени қәлейди екен. Егер оны сатып әперсең, екинши бир нәрсени сатып алыўды қәлейди. Соңынан үшинши...

☺☺☺

Еркек болыў аңсат емес. Соның ушын еркеклер ишип алса гүманланып, бир-бирине: «Еркексең бе?» деген сораўды берип тексерип турады.

Ҳәр көшеде бир-еки «ҳақыйқый еркек» табылады. Оларды ҳәмме сыйлайды. Себеби, олар ҳәр күни «мен еркекпен», «сен мени сыйлайсаң ба?» — деген сораўларды береди.

☺☺☺

Ҳақыйқый еркектиң бир белгиси — оның паспортында ЕРКЕК деген жазыўы болады. Соңынан оны ЕР қыласыз ба? ЖЕР қыласыз ба? Ол сизлердиң талантыңыз ҚЫМБАТЛЫ ҳаял-қызлар!

## «ҮЙЛЕНГЕННЕН СОҢ»

*(Усы атамадағы қосықтың жолына)*

Тойды алып барыўды исендиң маған,
Он жыл бурын үйленди Юморбек ағаң,
Қандай жағдай күтеди, айтайын саған,
Көрерсең де көнерсең, үйленгеннен соң.

Сайлап жүрип алдың ба, қыздың тәўи-
рин,
ЗАГС шоқ жигиттиң басар ҳәўирин,
Артта қалды-аў бойдақлық— алтын дәўи-
риң,
Тек үйиңди ойла үйленгеннен соң.

Жолын излеп, өрден-ыққа шабарсаң,
Енди тынбай ислеп, ақша табарсаң,
Оқымай-ақ, экономист боларсаң,
Үйди бағыў керек үйленгеннен соң.

Жоралар жыйналып айтса, «бас жазың»,
Шаршағанды шығар, исле «собразм»,
Бәрин умыт, орынсыз зыяпат-бәзим...
Үйге ўақтында қайт, үйленгеннен соң.

Жәрдем берсең ҳаялға кем болмайсаң,
Таўыққа жем берип, газге шай қойсаң,

Тоғыз ай дегенде бесик шайқайсаң,
Басты шайқамасаң болды, үйленгеннен соң.

Дейди: Үйлениў аңсат, үй болыў қыйын,
Ҳаял ҳасыл болса, жәннетдур — үйиң,
Жөнсиз әдетлерге салынса тыйым,
Үй болыў да қыйын емес, үйленгеннен соң.

*2015-жыл.*



## БАЛА ТИЛИ — ПАЛ.

***Ендиги ҳәзиллер авторы ул-қызларым:***

☺ 4 жасар Дәўлетбай: — Мама, таксиге минемиз бе ямаса дамасқа ма?

— Пияда жүремиз.

— Урра пиядаға минемиз.

☺☺☺

☺ — Бийбиназ қызымның төрт жасар ўақты. Ол телевизордан берилген рекламаларға қосылып айтып отыр еди, бирақ бир рекламаға қосылып айтпай қалды.

— Ҳе Бийбиназ, неге қосылып айтпай қалдың?

— Бул таза реклама, еле ядламадым...

☺☺☺

☺ Бийбиназ қызым 5 жасында орыс тилинен таярлыққа барып баслады. Бир күни қызымнан сорадым, — Бийбиназ, муғаллиминиң аты ким?

Бийбиназ: — Муғаллимниң аты Гүлшатова Султан.

☺☺☺

☺ — Сәрбиназ, қалай, саған Хийўа унады ма?

— Аўа, бирақ бир жери жақпады.

— Қай жери унамады?

— Аяқ пенен көп жүретуғын жери.

☺☺☺

☺ Жаздың ыссы күни. Еки саатлап суўда ойнап шомылып — суў сорып кеткен қолларына қарап ҳайран болған Дәўлетбай: Папа, мине қараң, қолларым жазыў-жазыў болып қалды.

☺☺☺

☺ Түн. Машынның айнасынан сыртқа қарап киятырған Дәўлетбай: — Папа, ананы қараң жулдызлар бизлер менен бирге жүрип киятыр.

☺☺☺

☺ Жумыс, Той... деп күнде кеш келип жүрген күнлери, Дәўлетбай маған:

— Папа, сен жумысты жақсы көре берсең, мен сени жақсы көрмей қаламан.

***Ҳаял-қызлар сөзлериниң астары, яғный олар не мәнисте айтады***

— Ағасы жумысларың қалай? — Айлық алмадың ба?

— Қайтағойың аўқат тайын болажақ. — Үйге мениң туўысқанларым келип еди тез қайт!

— Майда ақшаң бар ма? — Тек майда ақша таўып атырсаң. Ири ақша тап.

— Мен... бир... қызық еситтим-ғо... — Сени тергейтуғын ўақыт келди.

— Ағасы, келиңсе сөйлесип отырайық. — Таза көйлек алыўым керек еди.

— Еркек қусап, бир шеге қағайын демейсең. — Ремонт ислеў керек.

— Те-е-ез базарға киремен де шығаман. — Еки саат күтип тур.

— Ағасы, сениң туўылған күниңе не алып берейин? — Үйге керекли, кир машын ямаса үтик алайық?

— Әй, яқ, бул рет мениң туўылған күнди белгилемей-ақ қояйық. — Қарызға пальто алып едим.

— Болдым, буннан артық шыдамайман, төркиниме кетемен. — Еки күннен кейин изимнен барып алып қайт.

## Ҳәр ким ҳәр жерде отырады

Бийталап көшениң басында отырады.

Жыйналысқа кешиккенлер алдынғы қатарда отырады.

Биринши мингенлер дамастың алдында отырады.

Сыймаған айланып отырады.

Ақлықлары атасының алдында отырады.

Аталар пештиң қуўысында отырады.

Кепшилик жаслар телефонда отырады.

Наркоман ийнеге отырады.

Бойдақлар «медколледж» қасында отырады.

Ерке өскенлер ата-анасының мойнында отырады.

Асыққан қыз төркининде отырады.

Ҳаял көп пул тапса еркектиң басында отырады.

Ол еркек ҳаялының айтқан жеринде отырады.

Ресторанға тойға барғанлар сөйлесе алмай отырады.

Усыларды оқығанлар — билип-күлип отырады.

## МУРАТ ҲӘМ УЛЗАДА

*(фразеологиялық гүрриң)*

— Мурат ҳәм Иван екеўи жора еди. Иванның миллети орыс, ал Мураттың миллети—тас жаратуғын еди.

Себеби, Мурат Орақбалға бетте тас жаратуғын еди. Жумыс қыйын болса да шыдады. Оның қалтасы толмаса, кеўли толмады.

Қалай етип көп ақша тапсам болады деп қатты ойға берилип киятырып жолдың шетиндеги ойға түсип кетти. Ол бул жолда көп ақша табыў ушын алдымда баратқан адам көөөп ақша жойтып алыўы керек деп ойлады. Оның қоллары мазел-мазел болса да сол гезде қолы бос еди.

Соң адамлардың үстинен қарайтуғын жумыс деп монтёр болып жумысқа кирди. Жумыс тәўир болған менен аўыр еди. Жумысында келген комиссиялардың асты-үстине түсип хызмет етиўге тура келди. Мурат күнде-күнде комиссия күтип көзи ағарды. Оннан қалса көз бояўшылық пенен шуғылланатуғын орифлеймдеги қызы да оның көзине шөп салды.

Мурат истиң көзин билетуғын—окулист жорасына барып ойласты.

Кейнен шыдамаған Мурат, арақ ишип кетти. Ол арақ көтере алмаған менен жайды басына көтеретуғын еди. Соң дәртке сигарет шекти, кейин азап шекти. Бирақ, дәртин басқа ҳеш кимге тис жарып айтпады, себеби Мураттың тиси аўырып жүр еди.

Кейин ол стоматологияға барды. Ол жерде тәжирийбели тис қаққан стоматолог — Улзада деген қызға емленди. Тисин көрсетип жүрип Мурат стоматолог Улзаданы аўзына қаратып алды.

Улзада Муратты жақсы көрип қалды. Бирақ, Мурат (бирден Улзаданың тилин таўып кете алмай, тек ернинен сүйетуғын еди. Кейин екеўи аўызбиршилик пенен, тил бириктирип кетти). Улзада оны жүдә жақсы көре алмады себеби оның зрениеси төмен еди. Соң шаңарақ қурды. Тар бир квартирада туратуғын еди. Егер қонақ келип қалса отырғызарға жер таппай түргелтип қоятуғын еди.

Соның ушын тәўирлеў жай табаман дегенше олардың жаны жай таппады. Жай излеп, қоңыраў етип-етип телефоны өшти. Кейнен жай излеп ҳәр жаққа пияда жуўырып, өкпеси өшип келди, уйқылап азанда турса свети де өшип атыр екен. Электрикти

шақырып токты жалға десе ол 1-журек жалғап болып кейинен токты жалғайман деди. Токты жалғаған соң олардың кеўили тоқ болды.

Бир күни тезирек қатынының шайы қайнамағанға Мураттың қаны қайнады.

Аўқаты писемен дегенше иши писип кетти. Сол күни кешки аўқат жеп атырғанда Улзада Мураттың мийин жеди, ашыўланған Мурат үйленгенине пәнт жеди, ҳәм тезирек жумысқа кетиўдиң ғамын жеди. Қатынынан бийзар болған Мурат тезирек үйден басын алып шығып кетти. Ярым жолға барып қараса ол басқа биреўдиң басы екен. Соған ашыў менен ойланып Мураттың басы қатып қалды, себеби күн суўық еди.

Жолда биреў оның аяғын басты, кейин Мурат ашыўын басты. Кейин терең ой менен қой бул жүрисим болмас, қой сақлайын, фермер болайын деген шешимге тоқтады. Кейнен олар аўылына қайтып қой сақлады.

Жер алып, фермер болып кетти. Әўел баста жер сүрди, соң бирге дәўран сүрди. Солай етип, Мурат муратына жетти.

## МАЗМУНЫ

Юморбектиң юморбаяны
(автогеография) .......................... 3
Юморбек концертлери: .......................... 5
XXII әсир әдебияты .......................... 6
Китапханада Өтпей турған китаплар: ....... 10
Жаңалықлар .......................... 12
Бала — өмир гүли .......................... 17
Мектеп .......................... 23
Заманагөй ғарғыслар
(Жумсақ қыйлылары) .......................... 26
Ҳәр қыйлы ғарғыслар: .......................... 28
Дағазалар! .......................... 30
Реклама .......................... 34
Денсаўлық — терең байлық .......................... 36
Еркек таныў (Ҳаял-қызлар ушын) .......................... 41
Жаңа қыз болғаннан сақла... .......................... 52
Бәҳәр ҳаққында .......................... 54
Жаңа жыл байрамы ҳаққнда .......................... 55
Жумыс ҳам ақша .......................... 58
Сорасыўдың жаңа түри .......................... 61
Ҳәр кәсип ийеси табысты ҳәр қыйлы
табады .......................... 65

Жаңа, заманагөй қоспа кәсиплер ............ 67
Қарекең менен турмыс қурсаңыз... ........... 68
Қосық ҳәм көркем өнер ҳаққында ............ 71
Бийпул мәсләҳәтлар ........................ 73
Заманагөй нақыл-мақаллар .................. 77
Нөкис ҳәм «Дамас» ......................... 80
Өмир деген... ............................. 83
Спорт. Спорт. Спорт ....................... 95
Статистикалық мағлыўматларға
қарағанда.................................. 97
Студент — бай халық... .................... 101
Тек бизиң қарекең.......................... 104
Және де қол телефон ҳаққында............... 107
Адамларда гәп көп ......................... 110
Урыны қарақшы басса... .................... 112
Сырт ел хабарлары ......................... 113
Ҳайўанатлар дүньясы ҳаққында .............. 116
Еркек көзи, ҳаял қулағы менен... .......... 120
Ҳаялды ҳәр нәрсеге теңеўге болады ......... 124
Ҳаял — бул телевизор ...................... 128
Үйлениў аңсат
...ямаса шаңарақ ҳаққында ҳәзиллер ..... 131
Қарекең ырым етеди, ырымы қырын
кетеди, егер... ........................... 137
Жигит, қыз, муҳаббат....................... 140
Қарақалпақ тилинен келип шыққан
заманагөй терминлер ....................... 141

Қарақалпақ тилиниң күлкиологиялық
сөзлиги ........................................ 142
Корректор алжасқанда: ...................... 144
Егер арақ болмаса: ............................ 146
Сораўына қарай жуўабы
ямаса заманагөй анекдотлар .................. 152
«Үйленгеннен соң»
(Усы атамадағы қосықтың жолына) ....... 187
Бала тили — пал. ................................ 189
Ендиги ҳәзиллер авторы ул-қызларым: ... 189
Мурат ҳәм Улзада
(фразеологиялық гүрриң) ..................... 193

Махсет Абдижамилов

# ЮМОРБЕКТЕН ҲӘЗИЛ

«Билим» баспасы
Нөкис — 2017



Редактор *С. Байназарова*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Художник *А. Қайыпназаров*
Муқаба дизайны *Р. Қайыпназаров*
Оператор *А. Атагуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақты 19. 10. 2017-жыл. Форматы $60x84^1/_{32}$. «Shkolnaya KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми б.т. 6,25 шәртли б.т. 6,86 есап 6,78 б.т. Нусқасы 1000 дана. Буйыртпа №B-13.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@inbox.uz**

«FARMA PRINT NUKUS» JSHJ
типографиясында басылды.
Нөкис қаласы, Т.Қайыпбергенов көшеси, №54 жай



***Китапта халық аўзынан жыйналған қызықлы әңгимелер, анекдотлар ҳәм тийкарынан Юморбектиң өз авторлығындағы ҳазиллери орын алған.***

***Китапты жазыўда көплеген ҳәриплерден пайдаланылды.***

***Бул китапты күнига үш мезгил аўқаттан соң оқыўды усыныс етемиз.***

***Китап 120 жастан кишке жаслар ға арналған.***

ISBN 978-9943-4441-8-8

«БИЛИМ»